

VARIASI BASA WONTEN ING CAKEPAN TEMBANG *HIP-HOP NDX*
A.K.A: KAJIAN SOSIOPRAGMATIK

**Tesis menika dipunserat kangge njangkepi satunggaling sarat
anggayuh *Gelar Magister Pendidikan***



Dening :

Nita Julinawati
16714251011

PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020

SARINING PANALITEN

NITA JULINAWATI. *Variasi Basa wonten ing Cakepan Tembang Hip-hop NDX A.K.A: Kajian Sosiopragmatik. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.*

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken jinis *variasi* basa saha *fungsi variasi* basa ing salebeting cakepan tembang *hip-hop NDX A.K.A* kanthi kajian *sosiopragmatik*.

Panaliten menika ngginakaken *pendekatan sosiopragmatik*, mawi *metode deskriptif kualitatif*. *Sumber data* ing panaliten menika inggih menika basa ing *album NDX A.K.A*. Cara ngempalaken *data* ngginakaken *observasi nonpartisipan* mawi *instrumen* ingkang awujud *kartu data*. *Analisis data* ngginakaken *teknik analisis deskriptif kualitatif* inggih menika kanthi cara *reduksi data*, nyawisaken *data* saha ndamel dudutan, wondene cara nyawisaken asiling panaliten menika ngginakaken cara *informal* ingkang awujud tetembungan.

Asil panaliten menika nedahaken bilih jinis *variasi* basa ingkang wonten ing cakepan tembang menika kadosta *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa kasar, basa Banyuwangen, basa walikan, basa Jawi ragam ngoko lugu, basa Jawi ragam ngoko alus saha basa Jawi ragam krama lugu, wondene *fungsi variasi* basanipun kadosta *fungsi direktif*, *fungsi ekspresif*, *fungsi puitik*, *fungsi informasional*, *fungsi individu* saha *fungsi representasi*.

Pamijining tembung: *fungsi variasi* basa, tembang *NDX A.K.A*, *variasi* basa.

ABSTRAK

NITA JULINAWATI. Variasi Bahasa pada Lirik Lagu Hip-hop NDX A.K.A: Kajian Sosiopragmatik. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.**

Penelitian ini bertujuan untuk mengungkapkan jenis variasi bahasa dan fungsi variasi bahasa yang ada di lirik lagu hip-hop NDX A.K.A dengan kajian sosiopragmatik.

Penelitian ini menggunakan pendekatan sosiopragmatik, dengan metode deskriptif kualitatif. Sumber datanya adalah bahasa yang digunakan pada album NDX A.K.A. Pengumpulan data menggunakan cara observasi nonpartisipan dengan instrumen berwujud kartu data. Analisis data menggunakan teknik analisis deskriptif kualitatif dengan cara reduksi data, penyajian data dan membuat kesimpulan, sedangkan cara penyajian hasil penelitian adalah menggunakan cara informal yang berwujud kata-kata.

Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa jenis variasi bahasa yang ditemukan di lirik lagu ini meliputi campur kode, alih kode, basa gaul, basa kasar, basa Banyuwangen, basa walikan, basa Jawi ragam ngoko lugu, basa Jawi ragam ngoko alus dan basa Jawi ragam krama lugu, sedangkan fungsi variasi bahasa adalah fungsi direktif, fungsi ekspresif, fungsi puitik, fungsi informasional, fungsi individu dan fungsi representasi.

Kata Kunci: fungsi variasi bahasa, lagu NDX A.K.A, variasi bahasa

ABSTRACT

NITA JULINAWATI. Language Variation in Hip-hop NDX A.K.A Song Lyrics: A Sociopragmatic Study. **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

This study aims to reveal the types of language variations and the functions of language variations in the lyrics of the hip-hop songs of NDX A.K.A.

This study uses the sociopragmatic approach, with the qualitative descriptive method. The data source is the language used in the NDX A.K.A. album. The data were collected using the observation nonparticipants method using an instrument in the form of a data card. The data analysis uses the descriptive qualitative analysis technique by reducing data, presenting data and making conclusions, and the result of the research is presented informally in the form of words.

The results of this study show that the types of language variation in the NDX A.K.A song lyric include code mixing, code switching, slang bases, rough bases, Banyuwangen bases, *walik* bases, Ngawi dialect in innocent Jawi bases, Jawi bases in *ngoko alus saha* bases, Jawi variations *krama lugu*, while the language variation functions include directive, expressive, poetic functions, informational functions, individual functions as well as representation functions.

Keywords: language variations, language variation functions, NDX A.K.A. songs

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama Mahasiswa : Nita Julinawati

Nomor Mahasiswa : 16714251011

Program Studi : Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa Jawa

Kepareng ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangretos kula, *karya ilmiah* menika dereng nate dipunserat dening tiyang sanes kangge nggayuh gelar *magister* ing satunggaling pawiyatan inggil. *Karya ilmiah* menika boten ngandhut materi ingkang dipunserat panaliti sanesipun, kajawi perangan tartamtu ngkang kula pendhet minangka pandom kanthi tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Yogyakarta, 12 Maret 2020

Panyerat,



Nita Julinawati

NIM. 16714251011

PANGESAHAN

**VARIASI BASA WONTEN ING CAKEPAN TEMBANG *HIP-HOP NDX*
A.K.A: KAJIAN SOSIOPRAGMATIK**

**NITA JULINAWATI
NIM. 16714251011**

Tesis menika sampun dipunuji wonten sangajengipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal: 12 Maret 2020

Yogyakarta,-20
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta
Direktur,



Prof. Dr. Marsigit, M.A.
NIP. 195707191983031004

PANGESAHAN


**VARIASI BASA WONTEN ING CAKEPAN TEMBANG *HIP-HOP NDX*
A.K.A: KAJIAN *SOSIOPRAGMATIK***

**NITA JULINAWATI
16714251011**


Tesis menika sampun dipunuji wonten sangajengipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 12 Maret 2020

TIM PENGUJI



Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
(Ketua/ Penguji)





Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.
(Sekretaris/ Penguji)



Dr. Mulyana, M. Hum.
(Pembimbing/ Penguji)



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
(Penguji Utama)



Yogyakarta, 12 Maret 2020
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta
Direktur,

Prof. Dr. Marsigit, MA.
NIP. 195707191983031004

PISUNGSUNG

Raos syukur tansah konjuk dhumateng Allah SWT,
panaliten menika minangka pisungsung dhumateng Bapak Sukoyo saha Ibu Sri
Kusmiyati, Dhimas Khasan Abdul Rokhim ingkang sampun paring
panyengkuyung, sih tresna, saha donga pangestunipun wiwit purwa dumugi
wasana.

PRAWACANA

Puji sokur tansah konjuk dhumateng Allah SWT Inkgang Maha Agung ingkang sampun paring kasarasan saha kabegjan dhateng panyerat satemah tesis kanthi irah-irahan “*Variasi Basa wonten ing Lirik Lagu Hip-Hop NDX A.K.A: Kajian Sosiopragmatik*” saged karampungken kanthi lancar, tebih ing rubeda. Pramila, ing kalodhangan menika panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pehak ingkang sampun paring panyengkuyung, pamrayogi, saha pandonga dhateng panyerat. Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Dr. Mulyana, M. Hum. minangka *dosen pembimbing* ingkang sampun kersa paring panyengkuyung, pamrayogi, panyaruwe saha bimbingan kanthi sabar, satemah *tesis* menika saged paripurna. Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa, Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Prof. Dr. Marsigit, M. A. minangka Direktur Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta saha para *staf* ingkang sampun paring kalodhangan satemah *tesis* menika saged paripurna kanthi lancar;
3. Dr. Mulyana, M. Hum. minangka Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Program Pascasarjana saha minangka dosen pembimbing, saha para *dosen* awit sampun paring seserepan ingkang migunani;
4. Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum. minangka dosen *pembimbing akademik* awit bimbinganipun;
5. Tiyang sepuh kula, Bapak Sukoyo saha Ibu Sri Kusmiyati, Dhimas Khasan Abdul Rokhim awit pangestu saha piwulangipun;
6. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2016 ingkang sampun suka panyengkuyung;
7. Para siswa saha kulawarga Kesatuan Bangsa School (KBS) ingkang sampun suka panyengkuyung saha pangestu;

8. Sadaya pehak ingkang boten saged kula sebutaken, ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga saha panyengkuyung dhateng panyerat satemah *tesis* menika saged maujud.

Mugi sadaya bimbingan, piwulang, panyengkuyung, pambiyantu saha donga pangestu dados amal sae saha pinaringan ganjaran saking Allah SWT. Panyerat rumaos bilih *tesis* menika tebih saking sampurna, dereng saged kawastanan sae saha jangkep. Pramila, panyaruwe saha pamrayogi saking sinten kemawon tansah katampi kanthi renaning penggalih. Ing wasana, kanthi raos andhap asor panyerat ndherek memuji, mugi-mugi *tesis* menika murakabi tumrap sadayanipun.

Yogyakarta, 12 Maret 2020

Panyerat,



Nita Julinawati

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	i
SARINING PANALITEN	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT	iv
WEDHARAN	v
PANGESAHAN.....	vi
PISUNGSUNG	vii
PRAWACANA	viii
PRATELAN ISI.....	x
PRATELAN <i>TABEL</i>	xii
PRATELAN LAMPIRAN	xiii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis.....	5
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedah Panaliten	6
BAB II GEGARAN TEORI	7
A. Kajian Teori	
1. <i>Sosiopragmatik</i>	7
2. <i>Variasi Basa</i>	9
3. <i>Basa gaul</i>	33
4. <i>Slang</i>	34
5. <i>Alih kode</i>	36
6. <i>Campur kode</i>	37
7. <i>Basa kasar</i>	41
8. <i>Basa prokem</i>	45
9. <i>Basa walikan</i>	46
10. <i>Tingkat tutur</i>	46
11. <i>NDX A.K.A</i>	49
12. <i>Tindak Tutur</i>	51
13. <i>Fungsi Basa</i>	52
B. Panaliten ingkang Jumbuh	57
BAB III METODE PANALITEN	62
A. Jinising Panaliten.....	62
B. <i>Subjek saha Objek</i> Panaliten.....	63
C. <i>Data</i> Panaliten	63
D. <i>Sumber Data</i>	64
E. <i>Instrumen</i> Panaliten	64

F. Teknik Ngempalaken Data	65
G. Keabsahan Data	65
H. Teknik Analisis Data	65
I. Metode Nyawisaken Asiling Panaliten	66
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	68
A. Tabel variasi saha fungsi basa	68
B. Pirembagan	71
1. Campur kode	71
a. Fungsi direktif	71
b. Fungsi ekspresif.....	73
c. Fungsi puitik	74
2. Alih kode	75
a. Fungsi informasional	75
3. Basa gaul	76
a. Fungsi direktif	77
b. Fungsi puitik	78
4. Basa kasar	80
a. Fungsi individu	81
b. Fungsi puitik	83
c. Fungsi ekspresif	84
5. Basa walikan	85
a. Fungsi individu	86
6. Basa Banyuwangi	87
a. Fungsi puitik	88
b. Fungsi ekspresif	89
7. Basa Jawi ragam ngoko lugu	91
a. Fungsi direktif	91
8. Basa Jawi ragam ngoko alus	92
a. Fungsi ekspresif	93
b. Fungsi representasi	94
9. Basa Jawi ragam krama lugu	96
a. Fungsi ekspresif	96
BAB V DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI	99
A. Dudutan.....	99
B. Implikasi	101
C. Pamrayogi.....	102
KAPUSTAKAN.....	103
LAMPIRAN-LAMPIRAN	107

PRATELAN *TABEL*

Tabel 4.1 Jinis saha *Fungsi Variasi* Basa ing Tembang *NDX A.K.A.*..... 68

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1. Lampiran-lampiran Cakepan Tembang <i>NDX A.K.A</i>	107
Lampiran 2. Tambahan Data Jinis saha Fungsi Variasi Basa	125

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Variasi basa ing jaman samenika sampun kathah dipunpanggihaken wonten ing cakepan tembang. Para pangripta tembang menika kagolong *inovatif* amargi nglebetaken maneka werni *variasi* basa. Prekawis menika kajumbuhaken jaman ingkang sansaya ngrembaka ingkang gadhah *variasi* basa ingkang kathah saengga para pangripta tembang mbetahaken cara ingkang *inovatif* kangge *dongkrak* kabetahan pasar tembang, inggih menika kanthi cara ngginakaken *variasi* basa ing cakepanipun. Wujud *variasi* basa ingkang dipunpanggihaken ing tembang kadosta *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa walikan, basa Jawi Banyuwangi, basa Jawi *ragam* ngoko lugu, basa Jawi *ragam* ngoko alus, basa Jawi krama lugu saha basa kasar. *Variasi* basa ing nginggil menika kathah dipunpanggihaken ing tembang *hip-hop*, *dangdut*, lan sapanunggalipun.

Variasi basa ing tembang-tembang samenika sampun kathah. Kepara malah tembang-tembang ingkang ngginakaken *variasi* basa Jawi sampun kondhang ing masyarakat tingkat ngandhap menapa dene masyarakat tingkat inggil. Tuladhanipun tembang ingkang dipunremeni dening masyarakat inggih menika tembang *Sayang*. Basa ing cakepan tembang *Sayang* menika ngginakaken *variasi* basa Jawi. Padatanipun *variasi* basa Jawi dipunginakaken amargi: (1) kajumbuhaken kaliyan jaman ingkang gadhah maneka werni *variasi* basa mliginipun para mudha ingkang ngginakaken *variasi* basa kadosta basa *gaul*, (2)

supados tembang menika langkung sekeca kamirengaken, salah satunggalipun inggih menika migatosaken guru lagu, (3) saged dipuntampi masyarakat saking njawi rangkah saengga *variasi* basa kedah dipunginakaken. Prekawis menika supados tembang-tembang ingkang ngginakaken *variasi* basa menika saged katampi masyarakat njawi rangkah saengga ndayani laris utawi botenipun tembang menika. Ing Indonesia wonten jinis *musik* ingkang ngginakaken *variasi* basa ing cakepanipun. Salah satunggalipun jinis *musik* ingkang ngangge *variasi* basa inggih menika *hip-hop*.

Musik hip-hop menika beda kaliyan *musik* sanesipun amargi kalebet *musik* ingkang *unik* amargi ngginakaken *teknik nge-rap*. Wonten mapinten-pinten *band* utawi *grup vocal* ingkang *aliran* musikipun *hip-hop*. Saperangan wonten ingkang ngripta tembang *hip-hop* ngangge basa Jawi. Adhedhasar kasunyatan ing lapangan, padatanipun tembang *hip-hop* ngangge basa Inggris saha basa Indonesia, nanging amargi jaman ingkang sansaya ngrembaka, tembang *hip-hop* samenika wonten ingkang ngangge basa Jawi. *Variasi* menika njalari basa Jawi sansaya kondhang saknuswantara. Para mudha menika padatanipun langkung remen tembang-tembang *hip-hop*.

Kairing jaman ingkang sansaya ngrembaka, *variasi* basa kadosta *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa walikan, basa Jawi Banyuwangi, basa Jawi *ragam* ngoko lugu, basa Jawi *ragam* ngoko alus, basa Jawi krama lugu saha basa kasar saged dipunpanggihaken ing cakepan tembang. Wonten tembang ingkang cakepanipun ngangge *variasi* basa menika ingkang ancasipun minangka *ekspresi*

saking wosing tembang menika. *Grup NDX A.K.A* menika salahsatunggaling *grup* ingkang asring ngginakaken *variasi* basa ing tembangipun.

NDX A.K.A menika *musik aliran hip-hop* saking Imogiri-Ngayogyakarta. *Fenomena musik NDX A.K.A* sampun kondhang ing kalangan masyarakat, mliginipun ing *kalangan* para mudha. Saperangan tembang menika kaserat adhedhasar pengalaman pangripta tembang. Cakepan tembang-tembang *NDX A.K.A* menawi dipuntaliti menika ngemot tembung-tembung ingkang langkung kathah ngandharaken raos kuciwa, duka, raos karanta-ranta, lan sapanunggalipun. Prekawis menika minangka sarana *psikologi* para mudha ingkang nembe ngalami *puncak emosional* saengga gampil runtik, duka, kuciwa, lan sapanunggalipun. Ing cakepan tembang *NDX A.K.A* menika kathah tembung-tembung ingkang nggambaraken raos *emosional* ingkang boten sae tumrap para mudha, kepara malah wonten tembung-tembung ingkang ngangge basa Jawi kasar ing cakepanipun. Prekawis menika njalari bilih wonten gayutipun antawis *perkembangan psikologi* para mudha kaliyan basa-basa ingkang dipunginakaken lan minangka wujud gambaran kahanan *psikologi emosi* para mudha, padatanipun *emosi psikologi* ingkang boten sae menika dipunalami dening para mudha nalika nembe nandhang runtik utawi prekawis asmara saengga njalari raos kuciwa, sedhih ingkang boten rampung-rampung, duka, saha karanta-ranta.

Sejatosipun para mudha saged meper dhiri, sampun ngantos gadhah *emosi* ingkang boten sae. Wonten mapinten-pinten cara supados emosinipun saged gadhah mumpangat, inggih menika: (1) ndedonga, supados saged dipunleremaken hawa nepsu ingkang gampil duka saha nyuwun dhumateng Gusti supados saged

eklas, (2) karemenan, para mudha saged ngirangi emosinipun. Tuladhanipun kanthi cara olah raga, kesenian, lan sapanunggalipun, (3) ngraketaken kaliyan tiyang sepuh, para mudha menika langkung sae ngabekti saha manut kaliyan tiyang sepuh tinimbang gadhah raos sedhah saha duka ingkang keladuk. Kanthi cara menika, para mudha saged sinau meper hawa nepsu dhiri ingkang awujud *emosi*, saengga *psikologi* emosinipun saged sae utawi gadhah budi pekerti ingkang sae. Wujudipun *variasi* basa Jawi menika wonten gayutipun kaliyan *latar belakang* budaya, basa, saha *sosial*-ipun warga Ngayogyakarta ingkang tansah ngugemi unggah-ungguh. Ing masyarakat Jawi menika wonten mapinten-pinten jinis variasi basa. Awit kawontenan menika, panaliti naliti basa wonten ing cakepan tembang *NDX A.K.A* kanthi irah-irahan “*Variasi Basa wonten ing Cakepan Tembang NDX A.K.A: Kajian Sosiopragmatik*”.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ingkang dipunandharaken ing nginggil, saged kadudut underaning perkawis saking panaliten inggih punika:

- 1) *Variasi* basa menapa kemawon ingkang dipunpanggihaken ing tembang *hip-hop NDX A.K.A?*
- 2) *Fungsi* basa saking *variasi* basa ing tembang *hip-hop NDX A.K.A?*
- 3) *Makna* utawi tegesipun *fungsi* basa ingkang wonten ing tembang *NDX A.K.A*
- 4) Ing salebeting tembang menika wonten basa ingkang boten dipunpahami masyarakat umum
- 5) Ngginakaken *ragam* basa ingkang campur-campur

- 6) Ngandharaken tegesipun saha paugeran saking jinis-jinis *variasi* basa ing tembang *NDX A.K.A* amargi boten sedaya tiyang mangertos perkawis menika.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis ing nginggil, saged katemtokaken watesaning perkawis inggih menika:

- 1) *Variasi* basa ing salebeting tembang *hip-hop NDX A.K.A*.
- 2) *Fungsi* basa saking *variasi* basa ing salebeting tembang *hip-hop NDX A.K.A*.
- 3) *Makna fungsi variasi* basa ing tembang *hip-hop NDX A.K.A*.

D. Wosing Perkawis

Wosing perkawis panaliten menika inggih punika:

- 1) Menapa kemawon wujud *variasi* basa ing salebeting cakepan tembang *hip-hop NDX A.K.A*?
- 2) Kados pundi *fungsi variasi* basa ing salebeting tembang *hip-hop NDX A.K.A*?
- 3) *Makna fungsi variasi* basa ing tembang *hip-hop NDX A.K.A* menika menapa?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar underaning perkawis ing nginggil, ancasing panaliten menika inggih punika:

- 1) Nyebataken wujud *variasi* basa ingkang dipunpanggihi ing tembang *hip-hop NDX A.K.A*.
- 2) Ngandharaken *fungsi* basa saking *variasi* basa ing tembang *hip-hop NDX A.K.A*.

3) Ngandharaken *makna fungsi variasi* basa ing tembang *hip-hop NDX A.K.A.*

F. Paedah Panaliten

Adhedhasar ancasing panaliten, panaliten menika kaajab saged caos paedah. Paedah ing panaliten menika wonten kalih, inggih menika paedah *teoretis* saha panaliten *praktis*.

1. Paedah *Teoretis*: panaliten menika kaajab saged caos paedah tumrap *perkembangan teori sosiopragmatik* kadosta nambah *referensi* panaliten babagan *sosiopragmatik* saha saged caos seserepan/*informasi* babagan wujud *variasi* saha *fungsi* saking basa ing salebeting cakupan tembang *NDX A.K.A.*
2. Paedah *Praktis*: asiling panaliten menika kaajab saged dipunginakaken minangka bahan materi pamulangan mliginipun babagan *variasi* basa, *fungsi* *variasi* basa saha maknanipun.

BAB II

GEGARANING TEORI

A. KAJIAN TEORI

1. *Sosiopragmatik*

Kajian *sosiopragmatik* miturut Rahardi (2009:4) inggih menika kanthi *konkrit*, kajian tumrap *entitas* basa ingkang nggabungaken paugeran cara nyerat *sosiolinguistik* saha paugeran *pragmatik* ing salebeting wadhah kabudayan. Miturut Leech saha Rahardi (ing salebeting Rahardi, 2009:5) bilih *terminologi sosiopragmatik* minangka paseratan ingkang sipatipun *pragmatik* boten umum utawi *non-universal*. Saged dipunwastani mekaten amargi kajian menika *fokus* tumrap kawontenan budaya ing sakupengipun utawi budaya lokal. Pramila, panaliten *pragmatik* menika gayutipun kaliyan kawontenan saha kahanan saking masyarakat saha budaya lokal.

Sosiopragmatik nggabungaken 2 *studi* ing salebeting *studi linguistik*, *sosiolinguistik*, saha *pragmatis*. *Sosiolinguistik*, miturut Chaika (ing salebeting Amalia, 2014: 2), inggih menika *studi* babagan cara tiyang ngginakaken basa nalika gineman kaliyan tiyang sanes. Wondene Wardaugh (ing salebeting Amalia, 2014: 13) ngandharaken bilih *sosiolinguistik* minangka *studi* ingkang magayutan kaliyan panaliten babagan gayutipun basa saha masyarakat kagem madosi pangertosan babagan *struktur* basa saha kados pundi basa gadhah *fungsi* nalika *komunikasi*. Pramila, menapa ingkang dipunpanggihaken ing salebeting *sosiolinguistik* menika kados pundi masarakat nemtokaken wujud basa. *Pragmatik* miturut Gibson (ing

salebeting Amalia, 2014: 5) inggih menika ilmu basa saha gayutipun kaliyan panganggenipun. Ing mriki, basa inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ing padintenan ingkang gadhah ancas tartamtu, wondene Yule (ing salebeting Amalia, 2014: 3) ngandharaken bilih *pragmatik* minangka *studi* tiyang ingkang ngendikan gadhah *makna* saha kadhangkala saged langkung *makna*ipun tinimbang tetembunganipun.

Miturut Tarigan (ing salebeting Waode, 2015:9) bilih *sosiopragmatik* inggih menika *telaah* prekawis kahanan-kahanan ing sakupengipun ingkang langkung mligi prekawis panganggening basa. Ing salebeting masyarakat sakupengipun langkung mligi ketingal bilih *prinsip kerja sama* saha *prinsip kesopansantunan* utawi andhap asor katindakaken kanthi ewah ing salebeting kabudayan ingkang beda utawi masyarakat basa ingkang maneka werni, ing salebeting kahanan *sosial* ingkang beda, saengga saged dipunwastani, *sosiopragmatik* menika pepanggihan antawisipun *sosiologi* saha *pragmatik*.

Istilah *sosiopragmatik* saking tembung *sosio* saha *pragmatik*. *Sosio* “*sosial*”, saha *pragmatik* “tegesipun sacara eksternal”. Kawontenan *sosiopragmatik* saking *eksistensi* ilmu *pragmatik*. *Pragmatik* ngrembaka amargi saged ngudari prekawis basa ingkang boten saged tuntas dipun-udari dening *teori-teori linguistik* saderengipun. Prekawis menika inggih menika *fenomena* basa ingkang magayutan kaliyan *sosial* budaya.

Pragmatik inggih menika cabang ilmu basa ingkang nyinau *struktur* basa kanthi *eksternal*, inggih menika kados pundi *satuan kebahasaan* menika dipunginakaken nalika gineman. Nalika wujud-wujud saha panganggening basa

dipunkaji kanthi nggayutaken tumrap kahanan-keahanan sakupengipun utawi ingkang mligi, pramila prekawis menika ing salebeting *sosiopragmatik*. *Sosiopragmatik* menika cabang ilmu *linguistik* ingkang nganalisis basa kanthi *pendekatan sosial* saha *pragmatik*. Miturut Revita (ing salebeting Fauzi, 2015:12). Ing salebeting ilmu *sosiopragmatik*, sedaya *aspek linguistik* saged dipunwastani *fungsi sosial*, pramila kahanan lokal ingkang langkung mligi prekawis panganggening basa kalebet kajian *sosiopragmatik*.

2. Variasi Basa

Miturut Kartomihardjo (1998:61) ngandharaken bilih *variasi* basa inggih menika *istilah* ingkang radi umum saha asipat netral. *Istilah* menika dipunasosiasikaken kanthi basa ingkang beda-beda ingkang medal amargi wonten kelas *ekonomi*, *latar belakang pendidikan*, *profesi*, *ideologi* saha gegayuhan, agami, lan sapanunggalipun ingkang beda. Wondene *dialek* menika *variasi* ingkang wonten ing *daerah*. Menawi *variasi* menika dipunasosiasikaken kaliyan fungsipun ing masyarakat, kadosta *variasi* ingkang dipunginakaken nalika upacara pasareyan, nalika dum-duman warisan, nalika ngopi ing warung lan sapanunggalipun, *istilah* ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan menika inggih menika *register*.

Basa menika minangka *langue* ingkang gadhah *sistem* saha *subsistem* ingkang dipunpahami dening sedaya *penutur* basa, nanging amargi *penutur* basa kasebat, awit wonten ing masyarakat *tutur*, boten minangka kempalan tiyang ingkang *homogeny*, pramila wujud basa ingkang *konkret* dipunwastani *parole*,

boten *seragam*. Basa menika maneka werni saha gadhah *variasi*. Basa ingkang maneka werni saha *variasi* menika boten amargi *penuturipun* ingkang boten *homogen*, nanging amargi kagiyatan *interaksi sosial* ingkang *ragamipun* kathah. Saben kagiyatan nedahaken utawi njalari *keragaman* basa menika. *Keragaman* menika langkung kathah menawi basa menika dipunginakaken dening *penutur* ingkang langkung kathah, saha wewengkon ingkang langkung wiyar. Umpaminipun basa Inggris ingkang dipunginakaken meh sadonya; basa Arab ingkang wiyar sanget wewengkonipun saking Jabal Thariq ing Afrika Utara ngantos dumugi ing perbatasan Iran (saha ugi minangka basa agami Islam meh sadonya ingkang tepang); saha basa Indonesia ingkang kasebar saking Sabang ngantos dumugi Merauke.

Wonten kalih pamanggih babagan *variasi* utawi *ragam* basa. Sepisanan, *variasi* utawi *ragam* basa dipuntingali minangka amargi wontenipun *keragaman sosial penutur* basa saha *keragaman fungsi* basa menika. *Variasi* utawi *ragam* basa dumados amargi wonten *keragaman sosial* saha *keragaman fungsi* basa. Menawi *penutur* basa menika kelompok ingkang *homogeny*, kadosta *etnis*, *status sosial* menapa dene padamelan, pramila *variasi* utawi *keragaman* menika boten wonten; ateges, basa menika *seragam*. Kaping kalih, *variasi* utawi *ragam* basa menika sampun wonten supados nyekapi fungsipun minangka piranti *sosiolisasi* ing kagiyatan masyarakat ingkang maneka werni. Kekalihipun pamanggih menika saged dipuntampi utawi mboten. Inggang baken, *variasi* utawi *ragam* basa menika saged dipungolongaken adhedhasar kawontenan *keragaman sosial* saha *fungsi* kagiyatan ing masyarakat *sosial* (Chaer, 2010:61-62).

Keraf (1984:143) ngandharaken bilih masyarakat ing donya menika tamtu gadhah *variasi* utawi *diferensiasi*. *Variasi* menika saged awujud gineman tiyang ingkang bedanipun kadosta panggenan setunggal kaliyan panggenan sanes. *Variasi-variasi* basa menika gadhah *pola-pola* tartamtu. *Pola-pola* menika midayani *pola-pola sosial*, wonten ugi asipat *kedaerahan* utawi *geografis*. Bedanipun boten namung dumados tumrap *tataran* swanten basa kemawon, nanging wonten ing sedaya tingkatan *analisis* basa sanes.

Cabang ilmu basa ingkang khusus nyinau *variasi-variasi* basa ing sedaya *aspek* dipunwastani *dialektologi*. *Dialektologi* kaperang *sub-cabang* ingkang cacahipun kalih inggih menika *geografi dialek* saha *sociolinguistik*. *Sociolinguistik* nyinau *variasi* basa adhedhasar *pola-pola kemasyarakatan*. *Sociolinguistik* nyinau *ko-varian* antawisipun *struktur linguistik* saha *struktur sosial*. Suwalikipun *geografi dialek* nyinau *variasi-variasi* basa adhedhasar bedaning lokal ing wewengkon basa. *geografi dialek* ngandharaken *fakta-fakta* babagan titikan *linguistik* ingkang wiyar ingkang kacathet minangka titikaning *dialek*.

Miturut Andrew Radford, Martin Atkinson, David Britain, Harald Clahsen, Andrew Spencer (2009:47) ngandharaken bilih:

This important study of historical and geographical variation has been a preoccupation of linguists for well over a century now, and continues to be a strong focus of research in dialectology and historical linguistics. It is only in recent times, however, that linguists have begun to investigate linguistic variation within communities. The French spoken in Marseilles may be different from that spoken in Montreal, but what about the use of language within these cities? Does everyone in Montreal speak an identical variety of French? Clearly not, we might suppose, but it was not until the 1960s that linguists began to take this view seriously and study variation within villages, towns and cities.

In this section we will examine phonological variation-the variability in language that affects those features which have been introduced in the previous

section: sounds, syllables, stress and intonation. Because of the nature of existing research, our discussion will be concerned exclusively with sounds.

Sinau prekawis *variasi* saha *geografis* menika sampun dados kawigatosan dening *ahli* basa ngantos dumugi samenika saha dados *fokus* panalitenipun inggih menika *dialektologi* saha sujarah basa. Ing jaman samenika, *ahli* basa sampun naliti *variasi* basa ingkang wonten ing masyarakat. Ingkang dipun-ngendikakaken tiyang Prancis ing Marseilles menika beda kaliyan ingkang dipun-ngendikakaken dening tiyang ing Montreal, nanging kados pundi kaliyan panganggening basa ing kitha sanes? Menapa sedaya tiyang ing Montreal ngendikan babagan basa Prancis ingkang meh sami? Cetha, boten. Ing warsa 1960an ahli basa nyinau *variasi* basa ing dhusun saha kitha kanthi tumemen.

Andharan ing nginggil wosipun inggih menika para *ahli* basa sinau prekawis *variasi* saha wewengkonipun, ingkang dados fokusipun panaliten inggih menika *dialektologi*. Panaliten menika ugi naliti basa ingkang dipunginakaken dening Prancis ing Marseilles saha tiyang ing Montreal. Kajawi menika, panaliten menika naliti *variasi fonologis* ingkang kalebet *variabel* basa ingkang saged ndayani swanten, tembung-tembung, saha andhap-inggilipun swanten menika *aspek* ingkang wigati.

I sympathise with Fishman's view that sociolinguistics is probably a misnomer for what goes on in the field. Fishman (salebeting Hasan, 2005: 160-161). The label may suggest that sociolinguistics is a matter of applying linguistic techniques to the study of language placed in some socially significant context. No doubt it is true that more and more sociolinguists are at present employing the techniques for the description of language evolved by linguistics; none the less this does not appear to be the significant characterising factor. What seems to be central to sociolinguistics studies is not that linguistic techniques are employed; it is rather that the structure of language is related at various levels of abstraction to social structure. It is, perhaps, not often recognized that such study, where it is explanatory, is of theoretical

significance to general linguistics, extending its scope in a manner which has potentially far-reaching consequences, not only for the description of some of the essential properties of human language, but also for a study of the patterns of language acquisition by members of given communities and sub-communities. The relationship of sociolinguistics and general linguistics is such that one may find it difficult indeed to draw a definite boundary line between the two. Does the work of the functionalist linguists of the Prague School represent one or the other? One would like to be able to answer that it represents both in that it relates the structure of language to social elements and at the same time provides a model for the description of language in general and of a language in particular. Ruqaiya Hasan (2005:160-161).

Wosing andharan ing nginggil inggih menika panyerat sarujuk kaliyan pamanggihipun Fishman bilih *sociolinguistik* ingkang kadadosan ing lapangan menika kirang leres. Fishman (ing salebeting Hasan, 2005: 160-161) ngandharaken bilih *label* menika nedahaken bilih *sociolinguistik* inggih menika prekawis pangetrapping cara *linguistik* tumrap pasinaon basa ingkang kapanggenaken ing salebeting *konteks sosial* ingkang *signifikan*. Sansaya kathah *sociolinguistik* samenika ngginakaken cara kangge ngandharaken basa ingkang dipunrembakakaken dening *linguistik*. Boten wonten ingkang kirang amargi ketalipun boten dados *faktor* titikan ingkang *signifikan*. Menapa ingkang dados pusat sinau *sociolinguistik* boten minangka cara-cara *linguistik* ingkang dipunginakaken, nanging namung minangka *struktur* basa ingkang magayutan kaliyan sedaya tingkat *abstraksi* tumuju *struktur sosial*. Pasinaon ingkang kados mekaten namung sekedhik ingkang mangertos. *Linguistik* umum menika kedah wiyar kanthi cara gadhah *konsesus potensial* ingkang awrat menawi dipungayuh, boten namung kangge paring andharan babagan sipating basa tiyang, nanging ugi nyinau pola pikantukipun basa dening masyarakat saha *sub-komunitas* tartamtu. Gayutipun *sociolinguistik* saha *linguistik* umum menika njlimet saengga tiyang

menika awrat anggenipun manggihi garis watesanipun. Prekawis menika saged nggayutaken antawisipun *struktur* basa kaliyan *elemen sosial* saha ing wekdal ingkang sami saged paring *model* kangge nggambaraken basa kanthi umum saha *khusus*.

2.1 Jinis *Variasi* Basa

Jinis-jinis *variasi* basa miturut Kartomihardjo (1988:61-71) inggih menika wonten basa baku kaliyan *dialek*.

a. Basa Baku

Basa baku menika salah satunggaling *variasi* utawi *dialek* ingkang dipunakeni dening sedaya anggota saking kelompok masyarakat ingkang ngginakaken *variasi* menika nalika suasana resmi ingkang *formal* gayutipun, gayutan ingkang boten raket. Pramila basa baku utawi *variasi* baku dipunginakaken nalika *interaksi formal* antawisipun *instansi* pamarintah saha swasta, ing salebetipun layang resmi, nalika upacara *kenegaraan*, upacara *instansi*, basa baku ingkang dipunginakaken, dipunwulangaken ing sekolah saha ing perguruan tinggi.

Awit basa baku dipunginakaken ing suasana *kedinasan*, resmi, *formal* saha magayutan *pejabat-pejabat* ing dhaerah menapa dene pusat, padatanipun basa baku gadhah martabat ingkang langkung inggil tinimbang *variasi* basa sanesipun. Awit jaman ingkang sansaya ngrembaka, basa baku ugi pikantuk kawigatosan sae saha langkung kathah dening masyarakat menapa dene pamarentah. *Tata* basa ingkang kaserat ing buku pasinaon saha buku-buku ingkang kasebar ing masyarakat menika minangka *tata* basa basa baku. Buku-buku *ilmiah* saha kathah *karangan* ingkang

gadhad nilai sastra ugi kaserat ing basa baku. Pramila basa baku ing nagari-nagari menika minangka pralambang *kecanggihan, keterpelajar, andhap asor* lan sapanunggalipun.

Panganggening basa baku menika langkung wigati ing basa tulis, kalebet naskah sesorah. Ing basa lisan, prekawis menika langkung awrat dipunginakaken amargi basa lisan gumantung tumrap kahanan *lingkungan*, kahanan jiwa para pasarta *interaksi* lan sapanunggalipun. Padatanipun pangandikan ngupiya supados saged ngecakaken paugeran ingkang baken. nanging menawi kahanan ngersakaken wonten tambahan *ragam informal* kanthi piranti *ragam* ingkang wonten ing *sistem fonologi, leksikal* menapa dene *sintaksis* tamtu dipunginakaken dening pangandikan. Inggang njalari prekawis menika amargi masyarakat menika paring *unsur raket sinaosa* ing *interaksi formal*. Sipat bangsa ingkang sumeh pranyata wonten gayutipun tumrap pangetrapping basa baku ing pasrawungan padintenan.

b. Dialek

Variasi ingkang ngginakaken *latar belakang daerah geografis* inggih menika *dialek*. *Dialek* saged dipunginakaken minangka pralambang *ragam* kangge ngandharaken *status sosial* para pasarta *interaksi, interaksi* ingkang raket saha kahanan jiwa nalika *interaksi*. *Dialek-dialek* menika saged dipunwastani *lingua franka* kagem kelompok *etnik* ingkang gadhad basa *daerah* ingkang beda-beda saha manggen ing *provinsi* ingkang sami. Menawi pasarta *interaksi* saking kelompok *etnik* ingkang sami, maknanipun saged kaandharaken kanthi ngginakaken basa *daerah*.

Kartomihardjo (1988:61-71) ngandharaken bilih padatanipun *dialek* dipunginakaken nalika sawung ing padintenan, boten nalika wonten acara *kedinasan*. Kagem masyarakat ingkang gadhah basa *daerah*, upacara saha acara sanesipun kalampahan kanthi ngginakaken basa *daerah*, wondene Keraf (1991:144-145) ngandharaken bilih jinising *variasi* basa menika *idiolek* saha *dialek*. Boten wonten tiyang ingkang ngandharaken ingkang sami prekawis *unsur* tartamtu kanthi cara ingkang sami ngantos kaping kalih utawi langkung. Saben wewengkon ugi wonten bedanipun. Awit pangretosan basa ingkang padatanipun dipunanggep minangka prekawis ingkang asipat *monopolit* mila kedah dipunjentrehaken ing salebeting *aspek* ingkang maneka werni saha langkung alit, antawisipun ing salebeting *satuan* ingkang dipunwastani *idiolek* saha *dialek*.

Gineman tiyang ingkang beda-beda, mesthi beda kaliyan titikan gineman *anggota* masyarakat ingkang sanes. Wonten tiyang ingkang asring ngginakaken wujud-wujud *gramatikal* saha wujud *sintaksis* tartamtu, wondene tiyang ingkang sanesipun remen kaliyan wujud ingkang sanes ugi. Sedaya menika minangka titikan ingkang wonten ing gineman. Sedaya titikan basa tiyang menika dipunwastani *idiolek*.

Menawi saben kelompok menika kaperang saking atusan tiyang, nanging kadhangkala malah ngantos *jutaan* tiyang. Saben kelompok menika gadhah titikan ingkang sami ing salebeting *tata swanten*, *tembung-tembung*, *morfologi*, saha *sintaksis* ingkang dipunwastani *dialek*. Maneka werni wujud ing *sub-wilayah* (utawi wewengkon) basa ingkang kaandharaken salebetipun *dialek-dialek* basa, pramila prekawis ingkang beda menika ugi kapanggihaken ing lapisan-lapisan

masyarakat utawi padamelan. Bedanipun saged awujud titikan ingkang gadhah *khusus* nalika ngendikan, wujud, tata lampahing tembung, lan sapanunggalipun, saengga kula saha panjenengan sedaya gampil anggenipun ngendikan si Anu saking golongan X, saha si Polan saking golongan Y. Titikan basa menika wonten ing golongan-golongan ing masyarakat, prekawis menika saged dipunwastani *dialek sosial*. Sansaya *kompleks stratifikasi sosial*, sansaya kathah *dialek sosial*ipun. *Dialek sosialek* ingkang *homogen* padatanipun saged dipunpanggihi ing masyarakat desa ingkang dereng ngrembaka, wondene ingkang langkung *kompleks* wonten ing masyarakat kitha ageng.

Ing jaman ingkang sansaya ngrembaka, *dialek* menika langkung wigati tinimbang *dialek-dialek* sanesipun amargi *faktor-faktor non-linguistis*. Umpaminipun *dialek X* minangka pusat agami, pusat sade-tinumbas, utawi pusat pamarintahan. Pramila, kawontenan *dialek-dialek* sanes saged katerak, saha amargi dipunajeni, *dialek X* menika dipunanggep minangka *dialek* ingkang saged dipuntuladhani saha dipunagem dening sedaya wewengkon. *Dialek* menika saged dipunwastani *dialek standar* utawi saking *segi politis* (sanes *segi kebahasaan*) dipunwastani minangka basa *standar*.

Miturut Chaer (1995:82) ngandharaken bilih *variasi* basa menika dipunbedakaken adhedhasar *penutur* saha panganggenipun. Adhedhasar *penutur* ateges sinten ingkang ngginakaken basa menika, wonten ing pundi panggenanipun, kados pundi kalenggahan *sosial* ing masyarakat, menapa jinis kelaminipun, saha kapan basa menika dipunginakaken. Adhedhasar panganggenipun, ateges basa menika dipunginakaken kangge menapa, ing *bidang* menapa, menapa jalur saha

pirantinipun, saha kados pundi kahanan formalipun. *Variasi* basa menika saged kaandharaken kados ing ngandhap menika:

1) *Variasi* saking *Segi Penutur*

Variasi saking *segi penutur* ingkang sepisanan inggih menika *idiolek*. *Idiolek* inggih menika *variasi* basa ingkang asipat individu. Miturut konsep *idiolek*, saben tiyang gadhah *variasi* basanipun utawi idiolekipun sowang-sawang. *Variasi idiolek* menika magayutan kaliyan “werni” swanten, pilihan tembung, leléwaning basa, susunan ukara, lan sapanunggalipun, nanging ingkang langkung kathah inggih menika “werni” swanten menika, saengga menawi kula saha panjenengan sedaya raket kaliyan tiyang, namung mirengaken swanten anggenipun ngendikan tanpa ningali tiyangipun, kula saha panjenengan sedaya saged tepang kaliyan swantenipun.

Variasi basa kaping kalih adhedhasar penuturipun inggih menika *dialek*, inggih menika *variasi* basa saking sakelompok *penutur* ingkang cacahipun *relatif*, ingkang wonten ing setunggal panggenan, wewengkon, utawi area tartamtu amargi *dialek* menika adhedhasar ing wewengkon utawi area panggenan *penutur*, pramila *dialek* menika asring kasebat *dialek areal*, *dialek regional*, utawi *dialek geografi*. Para *penutur* ingkang ngginakaken *dialek*, sinaosa tiyang menika gadhah idiolekipun sowang-sawang, gadhah ciri sami minangka pralambang bilih tiyang menika wonten ing setunggal *dialek*, ingkang beda kaliyan kelompok *penutur* sanes, ingkang wonten ing salebeting dialekipun piyambak kaliyan titikan sanes ingkang minangka pralambang dialekipun ugi. Umpaminipun, basa Jawi *dialek*

Banyumas gadhah titikan piyambak ingkang beda kaliyan titikan ingkang gadhahipun basa Jawi *dialek* Pekalongan, *dialek* Semarang utawi *dialek* Surabaya. Para *penutur* basa Jawi *dialek* Banyumas saged komunikasi kanthi sae kaliyan para *penutur* basa *dialek* Pekalongan, *dialek* Semarang, *dialek* Surabaya, utawi basa Jawi kaliyan *dialek* sanes amargi *dialek-dialek* menika taksih kalebet basa ingkang sami, inggih menika basa Jawi.

Variasi ingkang kaping tiga adhedhasar *penutur* inggih menika *kronolek* utawi *dialek temporal*, inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening kelompok *sosial* ing wekdal tartamtu. Umpaminipun, *variasi* basa Indonesia ing warsa tigangdasanan, *variasi* ingkang dipunginakaken warsa seketan, saha *variasi* ingkang dipunginakaken ing wekdal samenika. *Variasi* basa ing jaman tiga wau mesthi beda, *aspek lafal*, *ejaan*, *morfologi*, menapa dene *sintaksis*. Inggih paling ketinggal menika *aspek leksikon*, awit *bidang* menika gampil sanget ewah amargi *sosial* budaya ingkang ugi ewah, seserepan, saha *teknologi*.

Variasi basa ingkang kaping sekawan adhedhasar penuturipun inggih menika *sosiolek* utawi *dialek sosial*, inggih menika *variasi* basa ingkang magayutan kaliyan *status*, golongan, saha kelas *sosial* para penuturipun. *Variasi* menika magayutan kaliyan sedaya prakawis pribadinipun para *penutur*, kadosta yuswa, *pendidikan*, *seks*, padamelan, *tingkat kebangsawanan*, prakawis *sosial ekonomi*, lan sapanunggalipun. Adhedhasar yuswa, saged ketinggal bedanipun *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening lare-lare, para mudha, tiyang diwasa, saha tiyang ingkang yuswanipun sampun sepuh. Bedanipun *variasi* menika mboten prakawis

wosipun, wosing gineman, nanging bedanipun ing *bidang morfologi, sintaksis*, saha tetembungan.

Adhedhasar *pendidikan* ugi saged ketingal panganggening *variasi sosial*ipun. Para *penutur* ingkang pikantuk *pendidikan* langkung inggil, wonten bedanipun *variasi* basa ingkang dipunginakaken tiyang ingkang gadhah *pendidikan* inggil, asor, saha ingkang boten pikantuk *pendidikan*. Adhedhasar *seks (jinis kelamin)* ugi wonten jinis *variasi* basa ingkang cacahipun kalih. Padamelan, *profesi*, kalenggahan, utawi tugas para *penutur* ugi saged njalari kawontenan *variasi sosial*.

Ing masyarakat *tutur* ingkang taksih mangertos tingkat-tingkat *kebangsawanan* saged ugi ketingal *variasi* basa ingkang magayutan kaliyan tingkat-tingkat *kebangsawanan* menika. Basa Jawi, basa Bali, saha basa Sunda ingkang tepang kaliyan *variasi kebangsawanan* menika; nanging basa Indonesia boten. Ing pasinaon basa Melayu rumiyin dipunwulangaken “basa raja-raja”, bedanipun kaliyan basa umum mliginipun saking *bidang* tetembungan.

Kahanan *sosial ekonomi* para *penutur* saged ugi njalari *variasi* basa. Kelompok masyarakat ingkang beda adhedhasar *status sosial ekonomi* menika boten sami kaliyan prekawis ingkang beda adhedhasar tingkat *kebangsawanan*, awit ing jaman menika pikantuk *status sosial ekonomi* ingkang inggil menika boten njalari gadhah *status kebangsaan* ingkang inggil ugi. Saged ugi tiyang ingkang trahipun gadhah *status kebangsawanan* ingkang inggil nanging boten gadhah *status sosial ekonomi* ingkang inggil. Suwalikipun, boten sekedhik ingkang mboten gadhah trah *bangsawan*, nanging samenika gadhah *status sosial ekonomi* ingkang inggil.

Variasi basa ingkang magayutan kaliyan tingkat, golongan, *status*, saha kelas *sosial* para penuturipun, wonten pamanggih bilih *variasi* basa menika kadosta *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*, *jargon*, *argon*, saha *ken*. Wonten ugi ingkang nambahi bilih *variasi* basa menika basa *prokem*. *Akrolek* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunanggep langkung inggil utawi langkung misuwur tinimbang *variasi sosial* sanesipun. *Akrolek* menika saged dipunwastani basa bagongan, inggih menika *variasi* basa Jawi ingkang khusus dipunginakaken dening para *bangsawan* kraton Jawi.

Variasi basa ingkang dipunanggep kirang misuwur inggih menika *basilek*, utawi malah dipunanggep asor kadosta basa Jawi “krama ndesa”. Wonten malih *variasi* basa inggih menika *vulgar*. *Vulgar* inggih menika *variasi sosial* ingkang titikanipun saged ketinggal panganggening basa dening tiyang ingkang kirang pendhahikanipun, utawi saking *kalangan* ingkang boten gadhah *pendidikan*. Nalika jaman Romawi ngantos dumugi jaman pertengahan basa-basa wonten ing Eropa dipunanggep minangka basa *vulgar*, amargi nalika jaman semanten para golongan ingkang pinter ngginakaken basa Latin ing padintenan.

Variasi sosial ingkang asipat khusus saha wadi dipunwastani *slang*. Asipat *khusus* saha wadi ateges *variasi* menika dipunginakaken dening kalangan tartamtu ingkang winates sanget, saha tiyang ingkang mboten mlebet kelompok menika boten angsal mangertos. Pramila tetembungan ingkang dipunginakaken ing *slang* menika tansah ewah. *Slang* menika minangka *aspek* tetembungan tinimbang *aspek fonologi* menapa dene *gramatika*. *Slang* menika asipat *temporal*; saha langkung

umum dipunginakaken dening para mudha, sinaosa tiyang sepah ugi ngginakaken basa *slang* menika.

Variasi sosial salajengipun inggih menika *kolokial*. *Kolokial* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken nalika gineman ing padintenan. Tembung *kolokial* saking tembung *colloquium* (gineman, *konversasi*). Pramila, *kolokial* ateges basa gineman, boten basa seratan. Basa menika boten asipat “ndesa” amargi ingkang langkung wigati inggih menika *konteks* panganggening. Tamtu asring dipunpanggihi istilah *jargon*. *Jargon* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken kanthi winates dening kelompok-kelompok *sosial* tartamtu. Asring sanget *ungkapan* ingkang dipunginakaken menika boten saged dipunpahami dening masyarakat umum utawi masyarakat ingkang boten mlebet kelompok menika, nanging *ungkapan-ungkapan* menika boten asipat wadi. Umpaminipun, salebeting kelompok *montir* wonten tembung kadosta *roda gila*, didongkrak, dices, dibalang, saha dipoles.

Wonten malih *variasi* ingkang dipunginakaken kanthi winates ingkang wonten ing padamelan tartamtu saha asipat wadi. Tetembunganipun menika mligi sanget. Umpaminipun, maling utawi njambret nate ngginakaken tetembungan kadosta barang ateges ‘mangsa’, kacamata ateges ‘pulisi’, ron ateges ‘arta’, lan sapanunggalipun. Wondene *ken* (Inggris = *cant*) inggih menika *variasi sosial* tartamtu ingkang swantenipun “mesakaken” saha etok-etok. Padatanipun basa menika dipunginakaken dening tiyang ingkang padamelanipun ngemis.

2) *Variasi* saking *Aspek* Panganggening

Miturut Nababan (ing salebeting Chaer, 1995: 89-90) ngandharaken bilih *variasi* basa ingkang magayutan kaliyan panganggening, utawi fungsipun dipunwastani *fungsi*lek, *ragam* utawi *register*. *Variasi* menika adhedhasar *aspek* panganggening, *gaya*, utawi tingkat *keformalan*, saha sarana panganggening. *Variasi* basa adhedhasar *aspek* panganggening menika magayutan basa menika dipunginakaken kangge kabetahan utawi *aspek* menika. Umpaminipun, *aspek sastra, jurnalistik, militer, tetanen, pelayaran, perekonomian, sadeyan, pendidikan, saha kagiyatan keilmuan*. *Variasi* basa adhedhasar *aspek* kagiyatan menika ingkang langkung ketingal titikanipun inggih menika ing *aspek* tetembungan. Saben *aspek* kagiyatan menika padatanipun gadhah saperangan tetembungan ingkang mligi utawi tartamtu ingkang boten dipunginakaken ing *aspek* sanesipun, nanging *variasi* adhedhasar *aspek* kagiyatan menika ketingal ing *tataran morfologi* saha *sintaksis*.

Register menika magayutan kaliyan prekawis *dialek*. Menawi *dialek* magayutan kaliyan basa ingkang dipunginakaken dening sinten, wonten pundi, saha kapan, pramila *register* magayutan kaliyan prekawis basa menika dipunginakaken kangge *kepentingan* menapa. Umpaminipun wonten tiyang ingkang namung gesang ngangge setunggal *dialek*, tuladhanipun warga dhusun menika mesthi mboten namung ngangge setunggal *register*, amargi ing pagesanganipun minangka anggota masyarakat, *aspek* kagiyatan ingkang kedah katindakaken mesthi boten namung setunggal. Ing masyarakat *modern* menika padatanipun tiyang gesang ngginakaken *dialek* boten namung setunggal saha ngangge saperangan *register*,

amargi ing salebeting masyarakat *modern* menika gadhah saperangan kagiyatan ingkang beda-beda.

3) *Variasi saking Aspek Keformalan*

Miturut Martin Joos (ing salebeting Chaer, 1995: 92-94) ngandharaken bilih *variasi* basa wonten maneka werni *gaya* inggih menika: a) *ragam beku*, inggih menika *variasi* basa ingkang paling *formal*, ingkang dipunginakaken salebeting kahanan-kaanan *khidmat*, saha upacara resmi. Dipunwastani *ragam beku* amargi *pola* saha paugeranipun sampun katetepaken kanthi cetha, boten saged dipungantos, b) *ragam resmi* utawi *formal*, inggih menika varisi basa ingkang dipunginakaken ing sesorah *kenegaraan*, rapat *dinas*, lan sapanunggalipun. *Pola* saha paugeranipun *ragam resmi* sampun katetepaken kanthi cetha lan *standar*, c) *ragam usaha* inggih menika *variasi* basa ingkang biasa dipunginakaken nalika gineman ing sekolah saha gineman ingkang ancasipun tumuju ing asil utawi *produksi*. *Ragam* menika ingkang paling *operasional*, d) *ragam santai* utawi *ragam kasual*, inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing kahanan boten resmi kangge gineman kaliyan kulawarga utawi kanca raket nalika ngaso, olah raga lan sapanunggalipun, e) *ragam akrab*, inggih menika *variasi* basa ingkang biasa dipunginakaken dening tiyang ingkang ngendikan ingkang pasrawunganipun sampun raket, kadosta kulawarga utawi kanca raket. *Ragam* menika ngginakaken basa ingkang boten jangkep, cekak, saha *artikulasi* ingkang boten cetha.

4) *Variasi* saking *Aspek* Sarana

Aspek sarana kadosta *ragam* lisan saha *ragam* seratan, utawi *ragam* ingkang ngginakaken sarana utawi piranti tartamtu, kadosta nelpon saha *telegraf*. Jinis *variasi* basa salajengipun miturut Raymonda (ing salebeting Sumarlam, 2012: 115) ngandharaken bilih jinis *variasi* basa inggih menika *dialek*. Adhedhasar kelompok panganggenipun, *dialek* saged dipunbedakaken wonten tigang jinis, inggih menika *dialek* regional, *dialek* sosial, saha *dialek* temporal. *Dialek* regional inggih menika *variasi* basa adhedhasar *perbedaan lokal* (panggenan) ing salebetipun wilayah basa. Menawi *dialek* sosial inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening golongan tartamtu. Wondene *dialek* temporal inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening *penutur* ingkang gesang ing wekdal tartamtu.

Dialek gadhah *fungsi* sowang-sowang ing salebeting kelompok masyarakat penuturipun. *Dialek* standar sejatosipun ugi *dialek* biasa ingkang sami kaliyan *dialek* sanes. Namung amargi faktor *ekstralinguistik*, *dialek* standar dipunanggep gadhah *prestise* ingkang langkung inggil. *Dialek* saged dipunwastani *sub-divisi* saking basa kaliyan tetembungan ingkang sami, *struktur gramatikal*, *leksikal*, saha *fonologi* ingkang dipunginakaken dening kelompok masyarakat tartamtu miturut wilayah *geografis* ingkang beda menapa dene *sosial kemasyarakatan*.

Miturut Raymonda (ing salebeting Sumarlam, 2012: 116-117) ngandharaken bilih basa Jawi kagolong basa kaliyan cacahipun *penutur* ingkang ageng. Miturut Wedhawati, dkk. (2006), ing warsa 2001 *penutur* basa Jawi cacahipun kinten-kinten 75,5 yuta. *Penutur* basa Jawi menika kasebar ing wewengkon Jawa Timur, Jawa Tengah, *Daerah* Istimewa Yogyakarta, Banten, Lampung, saha wewengkon

transmigrasi kalebet *luar negeri*, kadosta Surinamen, Walandi, saha Pantai Barat Johor.

Persebaran menika njalari saperangan *variasi* panganggening basa ingkang dipunwastani *dialek*. *Dialek* standar basa Jawi, saking wewengkon Solo saha Ngayogyakarta. *Dialek* Ngayogyakarta saha Solo minangka basa *standar* ingkang gadhah wilayah *peralihan* ingkang cacahipun kalih. Wewengkon *peralihan* sisih wetan kadosta Pacitan, Madiun, saha Grobogan; wewengkon *peralihan* sisih kilen manggen ing Prembun, Wonosobo, saha Banjarnegara.

Dialek Banyumas menika minangka logat basa Jawi ingkang paling tua. Prekawis menika jalaran wonten saperangaan tembung ing basa kawi/sansekerta ingkang minangka *nenek moyang* saking basa Jawi ingkang taksih dipunginakaken ing logat Banyumas kadosta tembung rika ‘kamu’, ugi tembung nyong ‘saya’ ingkang asalipun saking ingong saha pangucapipun fonem /a/ ingkang utuh/wetah boten kados /ɔ/ ingkang wonten ing pangucapipun *dialek* Banyumas kadosta ing basa sansekerta.

Wewengkon panganggening *dialek* Banyumas kadosta ing *eks karesidenan* Banyumas (Banyumas, Purbalingga, Cilacap, Banjarnegara, Purwokerto) saha saperangan wewengkon ing watesipun wewengkon Banyumas kadosta Kebumen, Wonosobo, Pemalang, Bumiayu, saha Pangandaran. Saperangan wewengkon ing Banyumas wonten saperangan *dialek* kadosta *dialek* Tegal ingkang gayanipun pesisir saha *dialek* Cirebonan ingkang midayani saking basa Sunda. *Dialek* Surabaya utawi saged dipunwastani minangka basa ‘Suroboyoan’ minangka *dialek* Jawi ingkang dipun-ngendikakaken ing wilayah Surabaya lan sakupengipun.

Menawi dipunbandhingaken kaliyan *dialek* Solo saha Ngayogyakarta, basa ‘Suroboyoan’ dipunanggep minangka basa ingkang langkung kasar. Sinaosa, basa ingkang tingkatanipun alus taksih dipunginakaken dening saperangan tiyang wonten ing kitha Suroboyo minangka wujud urmat dhumateng tiyang sanes, nanging panganggening basa Jawi alus (madya ngantos krama) ing kalangan masyarakat Surabaya boten alus kados ing Jawa Tengah, mliginipun Ngayogyakarta saha Surakarta.

Wonten pamanggih bilih basa ‘Suroboyoan’ minangka basa ingkang kasar sejatosipun nedahaken sikap teges, cetha, saha blaka suta minangka titikan masyarakat Surabaya. Sikap *metapesan* ingkang dipuncakaken dening tiyang Jawi, boten dipuncakaken ing pagesangan dening arek Suroboyo. Tuladhanipun nalika ngendikan, tiyang Jawi boten angsal ngamataken netra saking tiyang sepuh ingkang dipunajak gineman amargi dipunanggep boten sopan. Suwalikipun, ing budaya ‘Suroboyoan’ sikap kasebat dipunanggep minangka *pengecut* amargi boten wantun ningali netranipun tiyang ingkang dipunajak gineman.

Wonten maneka werni *variasi* basa Jawi. *variasi* menika inggih punika:

1. *Variasi Fonem Vokal*

Saben *dialek* basa Jawi menika wonten bedanipun. Bedanipun kadosta pangucapan vocal. *Dialek* basa Jawi *standar* Solo-Yogya gadhah titikan ing pangucapan *fonem vocal* menawi dipunbandhingaken kaliyan *dialek* Banyumas saha Suroboyoan.

2. Variasi Fonem Konsonan

Fonem konsonan khas ingkang gadhahipun *dialek* Banyumas kadosta *fonem* /b, d, g, k/, saha /ʔ/, saha [Ø].

3. Variasi Tembung Sapa Aruh

4. Variasi Tingkat Tutur Dialek Basa Jawi

Miturut Poedjosoedarmo (ing salebeting Rahardi, 2001: 22-24) ngandharaken bilih *varian* utawi *variasi* basa menika kadosta *dialek*, undha-usuk, saha *ragam*. *Dialek* saged kaperang malih kados *dialek geografi, sosial, yuswa, jinis kelamin, aliran, saha suku*. Wonten ugi ingkang dipunwastani *dialek individu* ingkang dipunwastani *idiolek*. Undha-usuk utawi *tingkat tutur* saged kaperang kalih, inggih menika undha-usuk urmat saha boten urmat. Menawi *ragam* saged kaperang kadosta *ragam kahanan, inggih menika resmi, santai saha literer, ragam komunikasi, inggih menika komunikasi ringkes saha komunikasi jangkep*. Wondene *register* taksih saged dipunjentrehaken maneka werni umpaminipun *register* tiyang ingkang sadayan obat, *register surat kabar* lan sapanunggalipun.

Padatanipun *kode* ugi awujud *varian* basa, dipuntandhani dening *unsur-unsur* pokok basa ingkang magayutan *sistem fonologi, morfologi, sintaksis, saha leksikon* ingkang wonten ing salebeting *wacana*, nanging pralambang ingkang langkung wigati ing babagan menika unsur ingkang wonten ing *sistem fonologi saha leksikon*. Prekawis menika jalaran *unsur* kekalih menika ingkang langkung gampil kadadosan ewah-ewahan saha tamtu menika magayutan kaliyan *hakikat* basa minangka *sistem* swanten ingkang sepisanan. Kaandharaken bilih boten sedaya basa gadhah *kosa kode* ingkang sami ing inventarisasipun. *Kosa kode* kathah

dipunpanggihi ing basa ingkang gadhah maneka werni *dialek* ingkang kathah, tingkat undha-usuk utawi *tingkat tutur* ingkang *kompleks*, saha dipunginakaken minangka basa *pengantar* kabudayan ingkang gadhah *ragam* ingkang kathah. *Kode* tansah gadhah *makna*. Ing basa Jawi, tingkat undha-usuk krama gadhah *makna* sopan wondene tingkat ngoko gadhah *makna* ingkang boten sopan. *Ragam santai* menika padatanipun ketinggal *makna santai* wondene *ragam formal* ngawrat *makna* ingkang resmi. *Penginterpretasian makna* babagan *kode* namung saged katindakaken menawi *konteks* dumadosipun *kode* menika sampun cetha identitasipun. Awit babagan menika jumbuh kaliyan *penafsiran makna* saking ukara, tembung, *morfem* lan sapanunggalipun. *Penafsiran* menika saged dumados kanthi cetha menawi *konteks satuan lingual* menika sampun dipunidentifikasi kanthi cetha.

Miturut Barry (2008: 97) ngandharaken bilih:

As we discuss regional variation, you might be thinking about how we began our discussion about variation, recognizing that many different factors influence how people talk, not just where they live. How can we talk about the dialect of Appalachia or the dialect of New York City? Doesn't people's use of language depend on so much more than where they live? The answer, of course, is yes. We want to talk about region as a contributing factor, but when we do, we also must remain aware of the fact that we are separating out the inseparable. Linguists once made this task less complicated by confining their studies to the middle-aged and elderly of rural Amerika. From these studies we have valuable information about differences of dialect that are largely correlated with region. But we know that the big picture of dialect variation has more to offer, and the "big picture" is more evident in large, densely populated urban environments. As linguists began to set their sights on the big cities, beginning in the 1960s, the discipline of sociolinguistics began to flourish, developing techniques and methodologies for learning about how people interact linguistically in complicated urban settings. It is through sociolinguistic study that we are able to examine all those other contributing factors that make language variation so rich and interesting, such as sociolinguistic class, ethnic identity, and gender. At the same time we learn about what those differences are and how they come about, we also learn about

what people think of them and how those attitudes toward language affect people's lives.

Tegesipun inggih menika menawi kula saha panjenengan sedaya ngrembag *variasi daerah*, panjenengan menggalih babagan kados pundi kula saha panjenengan sedaya miwiti pirembaran babagan *variasi*. Kanthi mangertos bilih kathah *faktor* ingkang beda saha ndayani kados pundi tiyang ngendikan. Boten namung ing pundi tiyang menika gesang. Kados pundi panyerat saha pamaos saged ngendikan babagan *dialek Appalachia* utawi *dialek* kitha *New York* saha menapa panganggening basa dening tiyang menika gumantung ing pundi tiyang menika gesang. *Ahli* basa ndamel tugas menika kirang awrat kanthi matesi babagan panaliten *ahli* basa tumrap tiyang setengah sepuh saha *lansia* ing dhusun *Amerika*. Saking panaliten menika, panyerat gadhah informasi babagan *dialek* ingkang beda menika meh sedaya magayutan kaliyan wewengkon, nanging gambaran saking *variasi dialek* langkung kathah dipuntawakaken saha gambaranipun langkung cetha ketingal ing lingkungan kitha ingkang kathah warganipun. *Ahli* basa gadhah kawigatosan ing kitha-kitha ageng, kawiwitan warsa 1960an, *disiplin sosiolinguistik* wiwit ngrembaka, ngrembakakaken *teknik* saha *metodologi* kangge sinau babagan kados pundi tiyang saged srawung kaliyan basa ing lingkungan kitha. Kanthi sinau *sosiolinguistik*, pamaos saged naliti sedaya *faktor* panyengkuyung ingkang saged njalari *variasi* basa menika kathah saha narik kawigatosan, kadosta kelas *sosiolinguistik*, *identitas etnik* saha jinis *kelamin*. Pamaos ugi saged nyinau babagan kados pundi sikap tumrap basa kasebat saengga ndayani pagesangan tiyang menika.

Wosing andharan ing nginggil inggih menika ngrembag babagan *variasi regional* utawi wewengkon. Kathah ingkang njalari wewengkon menika gadhah *variasi* basa, salah satunggalipun inggih menika gumantung ing pundi tiyang menika gesang. *Dialek* minangka tuladha saking *variasi* basa ugi beda jalaran meh sedaya wonten gayutipun kaliyang wewengkon. *Faktor* ingkang nyengkuyung *variasi* basa menika kathah, inggih menika jalan wonten kelas *sosiolinguistik*, *identitas etnik* saha jinis kelamin.

2.2 Aspek Variasi Basa

Miturut Pateda (2015:62-63) ngandharaken bilih wonten *aspek-aspek* basa inggih menika:

1) *Variasi* Basa saking *Aspek* Panggenan

a) Panggenan saged njalari *variasi* basa

Variasi menika kadosta *dialek*. *Dialek* saking tembung *Yunani dialektos* ingkang dipunginakaken gayutipun kaliyan kawontenan basa *Yunani* nalika semanten.

b) Basa *Daerah*

Basa *daerah* inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening *penutur* basa ingkang manggen ing *daerah* tartamtu, kadosta basa Jawi. Basa *daerah* asring dipungayutaken kaliyan *suku bangsa* (*ethnic group*).

c) *Kolokial*

Kolokial inggih menika basa ingkang dipunginakaken ing padintenan dening masyarakat ingkang manggen ing *daerah* tartamtu. *Kolokial* ugi saged dipunwastani basa padintenan, basa gineman, saha kadhangkala dipunwastani basa

pasar. *Kolokial* ingkang tembungipun kirang sae menawi kamirengaken dipunwastani *slang*. *Slang* ateges pocapan kondhang ingkang asring dipunpanggihi ing padintenan.

d) *Vernakular*

Vernakular inggih menika basa lisan ingkang dipunginakaken samenika ing *daerah* utawi wilayah tartamtu.

2) *Variasi* Basa saking *Aspek* Wektu

Variasi basa kanthi *diakronik* dipunwastani *dialek temoral*; *dialek* ingkang dipunginakaken ing salebeting wektu tartamtu. Umpaminipun, basa Melayu zaman Sriwijaya beda kaliyan basa Melayu saderengipun taun 1922.

3) *Variasi* Basa saking *Aspek* Pangangge

Variasi basa menawi dipuntingali saking *aspek penutur* utawi pangangge basa saged awujud *glosolalia*, *idiolek*, *kelamin*, *monolingual*, *rol*, *status sosial* saha yuswa.

4) *Variasi* Basa saking *Aspek* Panganggening

Variasi basa saking *aspek* panganggening kadosta *diglosia*, *kreol*, lisan, *nonstandar*, *pijin*, *register*, *repertories*, *reputations* saha basa *standar*, seratan, basa *tutur sapa*, *kan*, saha *jargon*.

5) *Variasi* Basa saking *Aspek* Kahanan

Variasi basa saking *aspek* kahanan kaperang wonten kalih inggih menika basa ing salebeting *situasi* resmi saha basa ingkang dipunginakaken ing *situasi* boten resmi.

6) *Variasi* basa saking Statusipun

Variasi basa saking *aspek* statusipun kadosta basa ibu, basa *daerah*, *lingua franca*, basa nasional, basa nagari, basa *pengantar*, basa *persatuan*, saha basa resmi.

3. Basa *Pergaulan* utawi Basa *Gaul*

Miturut Alwi (1955:162) ngandharaken bilih basa *pergaulan* inggih menika wujud “basa lingkungan tanggi” ingkang mboten *dialektis*, wondene basa inggil inggih menika basa kangge sesrawungan kaliyan “tiyang asing”. Basa *pergaulan* inggih menika salah satunggaling cara ingkang *spesifik* kangge *lapisan* masyarakat, nanging langsung *spesifik* ing kahanan.

Swandy (2017:1) bilih basa *gaul* ingkang dipunginakaken dening para mudha menika sejatosipun basa padintenan ingkang dipunginakaken dening masyarakat umum, nanging tetembungan ingkang dipunginakaken sampun dipunmodifikasikaken umpaminipun, aksaranipun dipunwolak-walik, tembung-tembungipun dipunsingkat, saha taksih kathah cara para mudha anggenipun *modifikasi*. Saking basa ingkang dipunginakaken menika wonten saperangan tembung ingkang saged kula saha panjenengan mangertos nanging wonten ugi saperangan tembung ingkang boten dipunpahami maknanipun. Prekawis menika saged ndamel bingung masyarakat ingkang boten mangertos basa *khas* para mudha menika, malah boten sekedik tiyang ingkang nganggep bilih para mudha menika namung kangge guyon kemawon, nanging wonten ugi ingkang nganggep bilih basa *gaul* utawi *slang* saged ngrisak basa Indonesia ingkang leres.

4. *Slang*

Miturut Alwi (1955:164-165), basa *slang* inggih menika kalebet *bidang* ingkang dipunwastani *unsur-unsur* basa sanes baku. *Unsur-unsur* boten baku dipuntegesi minangka (a) tembung-tembung kaliyan lelewaning basa pralambang, inggih menika tembung-tembung *ekspresif* ingkang limrah dipunginakaken ing padintenan nalika *komunikasi* basa, saha (b) tembung-tembung ingkang dipuntemtokaken kanthi *sosial* ingkang panganggening winates ing kelompok *sosial* saha padamelan tartamtu. Ingkang kalebet tembung-tembung menika langkung andhap utawi asor tinimbang *norma* netral saha pustaka, sanesipun *slang* inggih menika tembung-tembung basa *pergaulan santai* ingkang dipunandhapkan tumrap setunggal *pihak* saha *jargon*, *argot*, tembung kasar, lan sapanunggalipun. Ing *pihak* sanesipun, *slang* inggih menika sedaya tetembungan ingkang saged dipunpahami sacara umum kasebar kanthi wiyar saha *ungkapan-ungkapan* ingkang utami asipat *humoritas* ingkang kanthi sadar dipunginakaken kangge *ungkapan* pustaka ingkang limrah.

Alwasilah (1990: 56) ngandharaken bilih tembung-tembung utawi *frase-frase slang* asring sanget dipunjumbuhaken kaliyan pamanggih saha kebiasaan enggal ingkang tuwuh ing masyarakat. *Slang* menika tembung-tembung, boten *grammar* utawi pocapan, saha padatanipun dipunginakaken dening tiyang-tiyang tingkat enggal, boten namung gadhahipun tiyang asor. *Istilah slang* pancen dipunwastani tembung *khusus* ing salebeting tumindak ala supados tiyang boten mangertos. Pramila, prekawis menika njalari kathah tiyang ingkang negesi bilih *slang* menika minangka basa kangge tiyang asor, boten gadhah *pendidikan*. Chaer (1995:87-88),

Variasi sosial ingkang asipat *khusus* saha wadi dipunwastani *slang*. Asipat *khusus* saha wadi ateges *variasi* menika dipunginakaken dening *kalangan* tartamtu ingkang winates sanget, saha tiyang ingkang mboten mlebet kelompok menika boten angsal mangertos. Pramila tetembungan ingkang dipunginakaken ing *slang* menika tansah ewah. *Slang* menika minangka *aspek* tetembungan tinimbang *aspek fonologi* menapa dene *gramatika*. *Slang* menika asipat *temporal*; saha langkung umum dipunginakaken dening para mudha, sinaosa tiyang sepuh ugi ngginakaken basa *slang* menika.

One mark of an *informal* style is the frequent occurrence of slang. Slang is something that nearly everyone uses and recognizes, but nobody can define precisely. It is more metaphorical, playful, elliptical, vivid, and shorter-lived than ordinary language.

The use of slang has introduced many new words into the language by recombining old words into new meanings. Spaced out, right on, hang-up, drill down, and rip-off have all gained a degree of acceptance. Slang also introduces entirely new words such as barf, flub, hoodie, and dis. Finally, slang often consists of ascribing entirely new meanings to old words (Victoria, 2009: 319).

Wosing andharan ing nginggil inggih menika salah satunggaling titikan gaya *informal* inggih menika asring dipunwastani basa *gaul*. *Slang* inggih menika basa ingkang meh sedaya tiyang mangertos saha ngginakaken, nanging boten wonten ingkang saged paring pangretosan kanthi trep. *Slang* menika kados *majas* ingkang ngandharaken kanthi boten langsung, lucu, saha langkung cekak tinimbang basa ingkang padatan.

Panganggening basa *gaul* sampun gadhah tembung ingkang kathah ing salebeting basa kanthi ngginakaken tembung-tembung lami dados *makna* enggal. *Slang* ugi gadhah tembung enggal. Pungkasanipun, *slang* asring saking tembung-tembung ingkang enggal.

5. *Alih Kode*

Miturut Achmad & Alek Abdullah (2013: 159) ngandharaken bilih *alih kode* menika kode basa ingkang dipungantos, antawisipun *ragam* basa menapa dene *dialek* (*ragam* resmi utawi *formal* gantos *ragam* ingkang boten resmi utawi saking *dialek* setunggal gantos *dialek* sanesipun), ugi saged antawisipun basa ingkang gantos (saking basa Indonesia gantos basa *daerah* utawi suwalikipun, saged ugi gantos ing basa asing utawi antawisipun basa *asing*), saha saged ugi awujud *klausa* utawi ukara jangkep ingkang gadhah paugeran *gramatika* piyambak, ingkang katindakaken kanthi sadar amargi alesan-alesan tartamtu.

Lyons (ing salebeting Suwandi, 2008: 85) ngandharaken bilih *alih kode* boten winates tumrap panggenaning basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung, nanging ugi ngginakaken *dialek* ingkang cacahipun kalih utawi *variasi* utawi langkung ing salebeting setunggal basa. salajengipun miturut Suwandi (2008: 86) ngandharaken bilih *alih kode* menika minangka setunggal *aspek* ingkang gayutipun basa ing salebeting masyarakat *bilingual* utawi *multilingual*. Adhedhasar kasunyatan ing masyarakat prekawis menika, meh sedaya tiyang ngginakaken basa ingkang cacahipun kalih basa utawi langkung.

Subyakto (ing salebeting Suwandi, 2008: 87) bilih wonten saperangan prekawis ingkang njalari panganggening *alih kode*, inggih menika:

- a) Kepengen ngajak tiyang sanes nalika gineman.
- b) Supados boten wonten prekawis menawi ngginakaken tingkatan basa saengga ngginakaken basa Indonesia ingkang kaanggep netral.
- c) Supados suasanipun resmi.

Wondene miturut Rokhman (2013:38) ngandharaken bilih *ahli kode* inggih menika saking *kode* ingkang setunggal tumuju ing *kode* sanesipun amargi wonten ewah-ewahan kahanan ingkang kadadosan antawisipun basa, antawisvarian (ingkang *regional* menapa dene *sosial*) antawis *register*, antawis *ragam* utawi antawis *gaya*. Prekawis ingkang njalari kadadosan *alih kode* miturut Fishman (salebeting Rokhman, 2013: 38), inggih menika “sinten ingkang ngendikan, kaliyan basa menapa, maring sinten, kapan, saha ancasipun menapa”. Sacara umum, ingkang njalari *alih kode* inggih menika (1) tiyang ingkang ngendikan, (2) ingkang mirengaken, (3) ewah-ewahan kahanan kaliyan wontenipun tiyang kaping tiga, (4) ewah-ewahan saking *formal* tumuju ing *informal*, (5) ewah-ewahan *topik* gineman.

6. Campur Kode

Achmad & Alek Abdullah (2013: 159) ngandharaken bilih *campur kode* inggih menika prastawa panganggening *kode* basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung dening pangandikan, ing salah satunggaling *kode* namung awujud tembung (*partikel leksikal*), tembung, *frase*, utawi saged ugi *klausa*, salah satunggaling basa ingkang dipunginakaken boten jangkep *syarat gramatik*-ipun. Prastawa *campur kode* asring dipunginakaken dening *bilingual-bilingual*, mliginipun minangka kangge raos *solidaritas*. Prekawis menika ugi asring dipunpanggihi nalika ing prastawa *komunikasi* kaliyan *penutur* ingkang nembe sinau basa.

Miturut Chaer (2010:114) ing salebeting *campur kode* wonten *kode* utami utawi *kode dasar* ingkang dipunginakaken saha gadhah *fungsi* saha

keotonomanipun, wondene *kode-kode* sanesipun ingkang magayutan ing salebeting prastawa *tutur* menika namung awujud *serpihan-serpihan* (*pieces*) kemawon, tanpa *fungsi* utawi *keotonoman* minangka *kode*. Umpaminipun, *penutur* ingkang ngginakaken basa Indonesia nanging *penutur* kasebat kathah ngginakaken *serpihan-serpihan* basa dhaerahipun, prekawis menika saged dipunwastani ngginakaken *campur kode*. Suwito (ing salebeting Rokhman, 2013: 38-39) ngandharaken bilih ing salebeting *alih kode fungsi konteks* saha magayutan kaliyan kahanan menika boten saged uwal amargi wonten gayutipun ingkang nguntungaken antawisipun peranan saha *fungsi* basanipun. Maknanipun *peranan* inggih menika sinten ingkang ngginakaken basa; wondene *fungsi* basa ateges menapa ingkang badhe kagayuh dening pangandikan kaliyan ginemanipun. Titikan sanesipun ingkang njalari *campur kode* inggih menika bilih *unsur-unsur* basa utawi variasi-variasinipun ingkang wonten ing salebeting basa sanes samenika boten gadhah malih. *Unsur-unsur* menika nyawiji kaliyan basa ingkang dipunlebetaken saha namung nyengkuyung setunggal *fungsi* kemawon. Ing salebeting kahanan ingkang maksimal *campur kode* menika *konvergensi* basa (*linguistic convergence*) ingkang unsur-unsuripun saking saperangan basa ingkang sowang-sowang sampun nilaraken *fungsi* saha nyengkuyung *fungsi* basa.

Saperangan ingkang njalari *campur kode* miturut Suwito (salebeting Rokhman, 2013: 38-39) wonten kalih inggih menika *campur kode* ingkang asipat tumuju njawi saha tumuju mlebet. Ingkang njalari *campur kode* ingkang asipat tumuju njawi inggih menika : (a) nemtokaken *peranan*, (b) nemtokaken *ragam* saha (c) kepingin ngandharaken saha njlentrehaken. Tigang prekawis menika sami

gumantung. Ukuran kangge nemtokaken *peranan* inggih menika *sosial, registral* saha *pendidikan*. *Ragam* menika katemtokaken dening basa ing pundi tiyang ingkang ngendikan menika ngginakaken *campur kode* ingkang paring panggenan ing salebeting *status sosial*. Kepenginan kangge ngandharaken saha nafsiraken, ketingal amargi *campur kode* ugi pralambang patrap saha gayutipun tumrap tiyang sanes lan suwalikipun.

Campur kode tumuju ing lebet kadosta menawi tiyang ingkang ngendikan nambahaken *unsur-unsur* basa *daerah*-ipun tumuju ing salebeting basa nasional, unsur-unsur *dialek*ipun ing salebeting basa *daerah*-ipun utawi unsur-unsur *ragam* saha gayanipun ing salebeting *dialek*. Kajawi menika, ingkang njalari *campur kode* menika kekalihipun magayutan antawisipun *peranan* (ingkang ngendikan), wujud basa saha *fungsi* basa, ateges tiyang ingkang ngendikan gadhah kahanan *sosial* tartamtu, langkung kathah milih wujud *campur kode* tartamtu kangge nyengkuyung *fungsi-fungsi* tartamtu. Pamilihing wujud *campur kode* menika kangge nedahaken *status sosial* saha *identitas* pribadinipun ing masyarakat.

Adhedhasar andharan-andharan menika, saged dipundudut bilih *campur kode* inggih menika panganggening basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung kanthi nglebetaken *unsur-unsur* basa ingkang setunggal ing salebeting basa ingkang sanes, saha *unsur-unsur* basa utawi variasi-variasinipun ingkang mlebet ing basa sanes ingkang boten gadhah basa piyambak (Rokhman, 2013: 38-39).

Subyakto (ing salebeting Suwandi, 2008: 87) ngandharaken bilih *campur kode* inggih menika panganggening basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung utawi *ragam* basa kanthi santai antawisipun tiyang-tiyang ingkang sampun tepang

saha raket. Wonten ing kahanan basa ingkang *informal* menika, kula saha panjenengan sedaya saged kanthi bebas nyampur *kode* (basa utawi *ragam* basa); mliginipun menawi wonten *istilah-istilah* ingkang boten saged kaandharaken ing basa sanes. Suwandi (2008: 88), *campur kode* menika gadhah titikan-titikan, inggih menika: (1) panganggening basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung ingkang dipunginakaken ing kahanan *informal*, *santai*, utawi raket; (2) boten wonten ingkang meksa ngginakaken *campur kode* nalika gineman, saha (3) *campur kode* menika saged awujud panganggening tembung, *klausa*, *idiom*, sapa aruh, lan sapanunggalipun.

Nalika bebrayan, tamtu asring manggihi tiyang-tiyang ingkang gineman ngginakaken *campur kode*, panganggening basa Indonesia kacampur kaliyan basa *daerah*, umpaminipun basa Jawi, Sunda, lan sapanunggalipun. Menawi gineman menika tiyang ingkang gadhah *pendidikan* ingkang sae, ingkang dipunginakaken basa Indonesia kaliyan basa asing, kadosta basa *Inggris*, *Jerman*, *Arab*, lan sapanunggalipun.

Sampun kaandharaken bilih titikan ingkang ketingal ing *campur kode* inggih menika nalika kahanan *santai* utawi kahanan *informal*. Nalika ing kahanan ingkang *formal*, arang sanget ngginakaken *campur kode*. Menawi ngginakaken *campur kode* ing kahanan mekaten, padatanipun jalaran boten wonten *ungkapan* ingkang trep saengga prelu dipunginakaken tembung utawi *ungkapan* saking basa sanes utawi sengaja dipunginakaken kangge paring *penekanan* tartamtu.

7. Basa Kasar

Wijana & Rohmadi (2013: 109-110) ngandharaken basa kasar utawi basa pisuhan menika kangge sarana *ekspresi* menawi boten remen, gething, utawi boten cocog kaliyan ingkang dipunkajengaken. Kangge tiyang ingkang dipunpisuhi, pocapan-pocapan menika kaanggep pocapan nyerang, nanging kangge tiyang ingkang ngendikan basa kasar menika minangka piranti kangge medalaken raos ingkang boten dipunremeni, nanging adhedhasar kasunyatan ing lapangan, basa kasar kasar menika dipunginakaken supados nalika gineman menika ketingal raket, kangge paring pangalembana, lan sapanunggalipun.

Miturut Alwi (1955: 172) ngandharaken bilih ingkang dipunanggep basa kasar inggih menika ingkang wosing konkretipun nerak *norma-norma moral*. Basa kasar sacara *stilistika* inggih menika tembung-tembung ingkang *makna* konkretipun boten ngawrat prekawis ingkang nerak utawi kasar. Panganggening tembung-tembung ingkang boten pantes ing lingkungan ingkang gadhah adab menika stilistikanipun langkung kathah ngandharaken gayutipun ngenyek saking tiyang ingkang ngendikan tumrap objek andharanipun.

a. Aspek Klasifikasi Wujud Basa Kasar

Wijaya saha Rohmadi (2007: 115-130) ngandharaken bilih basa kasar saged kagolongaken adhedhasar *aspek formal* saha referensinipun. Basa kasar sacara *formal* dipunbedakaken wonten 3 jinis, inggih menika (a) basa kasar/pisuhan awujud tembung, (b) basa kasar/pisuhan awujud *frasa* (kelompok tembung), saha (c) basa kasar utawi basa pisuhan awujud *klausa*, nanging ing panaliten menika boten dipunginakaken istilah *formal*, nanging *istilah wujud*. Ing *konteks* menika,

wujud saged dipuntegesi (1) *penampakan* utawi wujud *satuan* basa, (2) *penampakan* utawi wujud *satuan gramatikal* utawi *leksikal* dipunsebat sacara *fonis* utawi *grafemis* (Kridalaksana, 2008:32).

Pramila, *istilah* wujud ing panaliten menika ngrujuk ing wujud *satuan gramatikal*. Wujud basa kasar utawi pisuhan ngrujuk wonten ing wujud tembung, pisuhan awujud *frasa*, saha awujud *klausa*. Wujud basa kasar adhedhasar referensinipun kados ingkang dipun-ngendikakaken Wijaya saha Rohmadi (2007:115-130) ing nginggil boten dipunginakaken ing panaliten menika. Pramila, *penggolongan* wujud basa kasar namung dipungayutaken kaliyan wujud *satuan gramatikal* awujud tembung, *frasa*, saha *klausa*, wondene *referensi* boten dipungayutaken kanthi wujud, nanging kanthi *medan makna* utawi sumber basa kasar.

Tembung kasar inggih menika tembung-tembung ingkang isi konkretipun nerak *norma-norma moral*. Basa kasar sacara *stilistis* inggih menika tembung-tembung ingkang *makna* konkritipun boten ngawrat bab ingkang nerak utawi kasar sanget. Panganggening tembung-tembung saha *ungkapan-ungkapan* menika ingkang boten pantes wonten lingkungan ingkang gadhah tata krama kaperang saking paring werni stilistisipun ingkang langkung kathah ngandharaken magayutan ngenyek saking *penutur* tumrap *objek* andharanipun.

Basa kasar sacara *stilistis* inggih menika wujud *tuturan emosi* sanget, nanging menawi basa kasar sacara *stilistis* asring dipunginakaken, tembung-tembung menika kelangan *makna* emosinipun. Ing kapustakan, basa kasar sacara *stilistis* saged dipunginakaken wonten *tuturan* langsung kangge nggambaraken tiyang-

tiyang ingkang tumindak kanthi cara tuturipun. Wonten ing perangan basa kasar menika, ingkang minangka tingkat tetembungan ingkang sacara *stilistis* dipunandhapaken, wonten *titik-titik* ingkang gayutipun kaliyan *slang* umum.

b. *Aspek Kategori* Basa Kasar

Miturut Wijaya saha Rohmadi (2007:117—118), sacara *kategorial*, basa kasar saged kagolongaken saperangan jinis, inggih menika: (1) basa kasar ingkang kategorinipun *nomina* utawi *frasa nominal*, kadosta bandot, tai, matamu, iblis, sundal, lan sapiturutipun; (2) basa kasar kategorinipun *verba* (mliginipun *verba statif*), kadosta mati; (3) basa kasar *kategori interjeksi*, kadosta *buset*; (4) basa kasar *kategori ajektiva*, kadosta goblok, *dungu*, *gila*, lan sapiturutipun.

c. *Aspek Sumber* Basa Kasar

Miturut Rosidin (2010: 10) ngandharaken bilih sumber basa kasar saged kagolongaken inggih menika: (a) basa kasar/pisuhan ingkang magayutan kaliyan *kotoran/regedan*, (b) basa kasar ingkang gayutipun kaliyan *kelamin*, (c) basa pisuhan/basa kasar ingkang magayutan kaliyan *kewan*, (d) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *agami*, (e) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *sakit mental*, (f) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *tumindak pengecut*, (g) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *makhluk* alus/gaib, (h) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *kematian*, (i) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *kagiyatan seks*.

d. *Aspek Alesan Panganggening Basa Kasar*

Miturut Rosidin (2010: 10) ngandharaken bilih alesan-alesan basa kasar ingkang dipunsintesisaken saking pamanggih para *ahli* inggih menika: (a) pados kawigatosan, (b) *mendiskreditaken*, (c) *hasutan*, (d) ngidentifikasi/ngokohaken *identitas* kelompok, (e) kekancan ingkang raket, (f) kuciwa, (g) depa, (h) ngenyek, (i) dipunlarani, (j) dipunganggu, lan (k) duka.

e. Wujud saha *Fungsi* Basa Kasar

Miturut Wijana lan Rokhmadi (2013:115-118) ngandharaken bilih tembung basa kasar ing salebeting basa Indonesia kadosta *bedebah*, cecunguk, edan, saha *bangsat*. Wujudipun inggih menika:

1) Basa Kasar utawi Pisuhan awujud Tembung

Basa wujud menika kaperang dados kalih inggih menika wujud *dasar* saha wujud tembung *jadian*. Basa kasar wujud *dasar* inggih menika basa kasar ingkang wujudipun tembung-tembung *monomorfemik*, kadosta babi, *bangsat*, setan lan sapanunggalipun. Wondene basa kasar wujud *jadian* inggih menika basa kasar ingkang awujud tembung-tembung *polimorfemik* kadosta *sialan*, *bajingan*, *kampungan*, diancuk, diamput, kurang ajar, *cuki mai*, *buaya darat* lan sapanunggalipun.

2) Basa Kasar awujud *Frase*

Basa kasar awujud *frase* menika tuladhanipun: *dasar sial*, *dasar baya*, *dasar gombal*, *dasar edan*, *dasar setan*, kakekmu, matamu. Adhedhasar *kategorial* basa kasar ing basa Indonesia menika wonten saperangan jinis, inggih menika basa kasar

ingkang kategorinipun *nomina* utawi *frase nomina*, kadosta *bandot*, *iblis*, lan sapanunggalipun. Basa kasar ingkang *kategori verba* kadosta diancuk, diamput, saha mati. *Kategori interjeksi*, kadosta *buset*, wondene ingkang *kategori adjektiva* kadosta goblok, *dungu*, *gila*, lan sapanunggalipun.

3) Basa Kasar awujud *Klausa*

Basa kasar ingkang awujud *klausa* kadosta: edan kowe, setan alas kowe, sundal kowe, saha ancen kowe edan. Wijaya (2006:125) ngandharaken bilih wujud-wujud basa kasar menika minangka sarana *kebahasaan* ingkang dipunbetahaken dening para *penutur* kangge nggambaraken menawi *penutur* boten remen saha paring *reaksi* sedaya *fenomena* ingkang njalari raos menika. Padatanipun tiyang gesang menika ngendikan basa kasar ingkang magayutan kaliyan 3 bab wigati menika inggih punika *aktivitas-aktivitas*, perangan badan tartamtu, saha bab ingkang *lazim* dipundamel pisuhan. *Fungsi* basa kasar inggih menika minangka sarana *ekspresi* sedaya raos ingkang dipunalami dening *penutur*, kadosta raos bingah, kuciwa, sedhih, lan sapiturutipun.

8. Basa *Prokem*

Miturut Partana saha Sumarsono (2004: 154) ngandharaken bilih *prokem* inggih menika basa ingkang nate dipunginakaken dening tukang *copet*, *bandit*, lan sapanunggalipun ingkang gadhah *fungsi* minangka basa wadi, nanging ing jaman samenika, basa menika dipunginakaken dening para mudha mliginipun ing Jakarta.

9. Basa Walikan

Panalitenipun Wahyu Puji Hanggoro (2016), ngandharaken bilih kairing jaman, basa walikan sampun dados basa *khas* arema utawi arek Malang. Kadosta bakso saha apel, basa walikan menika ugi dados *ciri khas* Malang. Basa walikan ugi dipunginakaken dening panyengkuyung arema, inggih menika aremania nalika *komunikasi* ing antawisipun aremania. Kanthi sadar menapa boten ngginakaken basa walikan kangge nedahaken *jati diri* saha *identitas*. Basa walikan boten namung awujud lisan, nanging ugi awujud seratan. Kadosta: aremania licek ingkang tegesipun aremania *kecil* utawi alit. Boten namung ing Malang kemawon, ing Ngayogyakarta ugi gadhah basa walikan ingkang padatanipun dipunginakaken para mudha. Basa menika sampun limrah dipuncampur kaliyan basa Jawi ing padintenan.

10. Tingkat Tutur

Basa Jawi menika gadhah *tingkat tutur* ingkang saged dipunginakaken ing padintenan. *Tingkat tutur* menika saged dipunwastani *sistem kode* ing salebeting masyarakat *tutur*. *Kode* ing jinis menika gayutipun antawis tiyang ingkang ngejak gineman kaliyan tiyang ingkang dipunajak. Nalika gineman kaliyan tiyang tiyang ingkang kedah dipunormati samenika ngagem *kode tutur* ingkang gadhah *makna* urmat. Menapa dene menawi gineman kaliyan tiyang ingkang botem kedah dipunormati, menika ngagem *kode tutur* ingkang boten urmat utawi inggil (Rahardi, 2001: 52-53).

Miturut Poedjasoedarma, dkk (1979:6) ngandharaken bilih padatanipun basa gadhah cara-cara tartamtu kangge nedahaken *sikap hubungan* O₁ ingkang beda amargi woneng tingkat *sosial* O₂ ingkang beda. Wonten golongan masyarakat tartamtu ingkang kedah dipun-urmati saha wonten golongan masyarakat sanes ingkang dipunadhepi kanthi biasa. Faktor ingkang njalari tingkat *sosial* ingkang beda kaliyan masyarakat sanes menika amargi kahanan dhiri pribadhinipun, *jenis kelamin*, kakiyatan *magis*, kahanan *psikis* ingkang wigati, lan sapanunggalipun. Raos urmat ingkang beda asring dipuncakaken masyarakat lumantar basa. *tingkat tutur* alus maknanipun ngecakaken lembah manah ingkang inggil, *tingkat tutur* ingkang tengah-tengah maknanipun ngecakaken lembah manah ingkang sedengan, wondene *tingkat tutur* biasa maknanipun ngecakaken raos lembah manah ingkang asor. Ing salebeting basa Jawi wonten *tingkat tutur* krama (lembah manah sanget), madya (sedengan), saha ngoko (tingkat lembah manah ingkang asor).

Tingkat tutur ngoko nedahaken raos boten wonten jarak antawisipun O₁ tumrap O₂. Tegesipun O₁ boten gadhah raos pakewuh tumrap O₂. Pramila, kangge tiyang ingkang ngandharaken pasrawungan ingkang raket tumrap tiyang sanes uawi O₂, tingkat ngoko menika dipunagem. Kanca raket padatanipun sami ngangge tembung ngoko. *Tingkat tutur* krama inggih menika tingkat ingkang tumindak ingkang ngecakaken lembah manah paling inggil. Tingkat menika minangka tandha raos pekewuh O₁ dhumateng O₂, amargi dereng tepang kaliyan O₂, utawi gadhah pangkat, priyayi, lan sapanunggalipun. Miturut Soepomo (ing salebeting Poedjasoedarma, 1979:14-15) bilih *tingkat tutur* madya inggih menika *tingkat tutur* sedengan utawi tengah-tengah antawisipun krama saha ngoko. Piyambakipun

nedahaken raos lembah manah, kanthi sedengan mawon. Miturut saperangan tiyang, tingkat madya dipunanggep dados tingkat ingkang setengah sopan saha setengah boten.

Tingkat tutur ing basa Jawi kaperang dados 3 inggih menika *tingkat tutur ngoko*, *tingkat tutur madya saha tingkat tutur krama*, utawi sacara umum kaperang dados kalih inggih menika *tingkat tutur ngoko saha tingkat tutur krama*. *Tingkat tutur ngoko* menika wujud unggah-ungguh basa Jawi ingkang intinipun *leksikon ngoko*, utawi ingkang dados unsur inti ing salebeting *ragam ngoko* menika *leksikon ngoko* (Sasangka, 2004:95).

Ragam ngoko gadhah wujud ingkang cacahipun kalih, inggih menika ngoko lugu saha ngoko alus (Sasangka, 2004:95). Ngoko lugu menika wujud saking unggah-ungguh basa Jawinipun menika ngoko sedaya saha netral (*leksikon ngoko saha netral*) tanpa dipunsisipi *leksikon krama*, krama inggil, utawi krama andhap, menika kagem *persona kapisan*, *persona kalih*, *persona kaping tiga*. Ngoko alus wujudipun unggah-ungguh ingkang kaperang boten namung *leksikon ngoko saha netral kemawon*, ugi kaperang saking *leksikon krama inggil*, krama andhap, utawi *leksikon krama ingkang wonten ing ragam* menika sejatosipun namung dipunginakaken kagem ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman (Sasangka, 2004:99-100).

Tingkat tutur krama menika wujud unggah-ungguh basa Jawi ingkang intinipun *leksikon krama*, utawi ingkang dados unsur inti ing *ragam krama* menika *leksikon krama*. *afiks* ingkang wonten ing *ragam* menika wujudipun krama sedaya (tuladha, *afiks* dipun-, -ipun, dan-aken). *Ragam krama* dipunginakaken dening

tiyang ingkang dereng raket saha tiyang ing rumaos piyambakipun langkung asor *status* sosialipun tinimbang tiyang ingkang dipunajak gineman. *Ragam* krama gadhah jinis ingkang cacaipun kalih, inggih menika krama lugu saha krama alus (Sasangka, 2004:104).

Krama lugu menika wujud *ragam* krama ingkang tingkatan alusipun andhap, nanging menawi dipunbandhingaken kaliyan ngoko alus, *ragam* krama lugu nedahaken tingkatan alus, inggih menika wujud unggah-ungguhing basa Jawi menika tembungipun *leksikon* krama sedaya saha dipuntambah kaliyan *leksikon* krama inggil utawi krama andhap. Sinaosa mekaten, ingkang ndadosaken *leksikon* inti ing *ragam* menika namung *leksikon* ingkang wujudipun krama. *leksikon* krama inggil utawi krama andhap kagem ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman. Sacara *semantis*, *ragam* krama alus saged dipunwastani minangka wujud *ragam* krama ingkang tingkatan alusipun inggil (Sasangka, 2004:111).

11. *NDX A.K.A*

Ing Ngayogyakarta, wonten *NDX A.K.A*, anggotanipun nembangaken *musik hip-hop* ingkang sampun ngrembaka ing *negara barat*. *Ciri khas NDX* taksih tetep wonten *unsur* lokalipun ing tembang menika, kanthi irama *dangdut syahdu*, meh 75% cakepanipun ngangge basa Jawi, saengga wonten *akulturasi* ingkang *harmonis* (Putradarma, 2017:120). Miturut Barthes (ing salebeting Hebdige, 1979), ngandharaken bilih para *musisi* ingkang nampilaken *subkultur* menika nyobi pados bedanipun tumrap *simbol* ingkang sampun dados *ciri khas grup* menika boten saged dipunpanggihi ing budaya *populer*. Sejatosisipun Barthes badhe nyinau kados pundi

kemanusiaan (humanity) paring makna bab-bab ingkang magayutan denotasi (makna sanyatanipun) saha konotasi (makna ganda ing lair saking pengalaman kultural saha personal). Teori menika kangge nengahi konsep ing salebeting budaya musik hip-hop-dangdut saha hip-hop-oldscool ingkang wonten ing Ngayogyakarta minangka proses hegemoni tanding utawi counter hegemony tumrap hegemoni industri musik ingkang dominan. Subkultur menika nedahaken pralambang bilih musik dangdut menika saged dipunjejeraken kaliyan musik sanesipun ing donya, mliginipun budaya lokalipun ingkang saged dipuncampur utawi dipungabung kaliyan musik hip-hop Barat ingkang sarat kaliyan pergerakan para kelompok gangster, sinaosa samenika dados industri ingkang dominan. Jalaran kawontenan hegemoni budaya menika ingkang pungkasanipun ndamel musisi-musisi indie minangka kelompok subkultur ndamel daya defensif-ipun kiyambak, ing salebeting wujud hegemoni tanding (counter hegemony) ingkang dipuntrapaken tumrap aktivisme-aktivisme musisi nalika nglampahi kagiyatan musik. Awit konsep counter hegemony menika wangsulan saking lairipun hegemoni.

Miturut Putradarma (2017:125) ing salebeting konteks musisi hip-hop indie label, grup D.P.M.B saha NDX nindakaken strategi hegemoni tanding minangka wujud tandhingan, kanthi musik hip-hop-Jawa, ngantos pungkasanipun konsep menika ndamel grup menika ing salebeting praktik nguri-uri saha wujud counter hegemony kanthi simbolik. Kelompok ingkang cacahipun kalih menika asring ngandharaken kabudayan Jogja, utawi ketingal prasaja ing padintenan anggenipun nglampahi pagesangan ing masyarakat.

Menon & Levitin (ing salebeting Arifin, 2017: 164) ngandharaken bilih *NDX A.K.A* menika nggabungaken *musik hip-hop* saha *dangdut* ing karyanipun. *Musik dangdut* menika sampun dipunanggep minangka budaya lokal ingkang kondhang saha saha gadhah pandaya. Pandayaning *musik dangdut* kadosta seserepan kangge tiyang ingkang mirengaken, ugi gadhah *dampak sosial* amargi wiramanipun sekeca kangge njoget, cakepanipun prasaja minangka piweling masyarakat, saha minangka sarana *transformasi* penggalihing manungsa. Tumrap masyarakat Indonesia, *dangdut* gadhah peran inggih menika minangka wujud *musik* rakyat ingkang mujudaken kapribaden masyarakat. *Genre musik* menika umuripun 40 taun saha dados *musik* ingkang kondhang ing masyarakat. Ing taun 2006, *musik dangdut* nguwasani sedaya siaran TV kanthi *prosentase 67% channel* TV nyiaraken sacara *eksklusif* acara *dangdut*. Boten eram menawi *dangdut* minangka *aspirasi* masyarakat Indonesia.

12. Tindak Tutur

Miturut Austin & Searle (ing salebeting Rahardi, 2009: 17) ngandharaken bilih gladhen pangangening basa menika wonten tigang jinis *tindak tutur*: (1) *tindak lokusioner*, (2) *tindak ilokusioner*, saha (3) *tindak perlokusioner*. *Tindak tutur lokusioner* inggih menika *tindak tutur* kanthi tembung, *frasa*, saha ukara, jumbuh kaliyan *makna* saking tembung, *frasa*, saha ukara kasebat. *Tindak tutur lokusioner* saged lumantar *ungkapan* utawi andharan, *the act of saying something*.

Wijana & Rahardi (ing salebeting Rahardi, 2009:17) ngandharaken bilih *tindak tutur ilokusioner* utawi *illocutionary acts* inggih menika ngendikan kanthi

maksud saha *fungsi* tartamtu ing salebeting kagiyatan ngendikan ingkang sanyatanipun. *Tindak tutur ilokusioner* saged dipunwastani *the act of doing something*. Pramila, wonten daya utawi *force* ing salebeting *makna tuturan*. Ingkang pungkasan inggih menika *tindak perlokusioner* utawi *perlocutionary acts*. *Tindak tutur perlokusioner* menika ngendikan ingkang saged paring pandaya dhumateng *mitra tutur*. *Tindak tutur perlokusioner* ing salebeting basa Inggris dipunwastani *the act of affecting someone*.

13. *Fungsi Basa*

Miturut Jatmiko dkk (2017:361) ngandharaken bilih basa ingkang dipunginakaken tiyang nalika gineman menika gadhah *fungsi* ingkang pandayaning kiyat. Saben basa gadhah *fungsi* ingkang beda-beda miturut masyarakat ingkang ngendikan. Miturut Buhler (ing salebeting Jatmiko, 2017:361) ngandharaken bilih basa gadhah *fungsi ekspresif, fungsi konatif, saha fungsi representasional*. *Fungsi ekspresif* ancasipun langkung tumuju dhiri pribadhinipun, tiyang ingkang ngendikan. *Fungsi konatif* ancasipun langkung tumuju *adresi*, tiyang ingkang mirengaken, saha *fungsi representasional* ancasipun langkung tumuju kasunyatan kajawi *adresor* saha *adresi*.

Wondene miturut Jakobson (ing salebeting Jatmiko, dkk. 2017:361) ngandharaken bilih *fungsi* basa menika *ekspresi, direktif, kontak (fisik/persuasif), metalinguistic (focus tumrap tegesipun), saha kontekstual/situasional*. Halliday (ing salebeting Jatmiko, dkk. 2017:362) mratelakaken bilih basa gadhah *fungsi* ingkang cacahipun pitu, inggih menika *fungsi instrumental, fungsi regulasi, fungsi*

representasi, fungsi interaksi, fungsi individu, fungsi heuristik, saha fungsi imajinatif. Andharan saking *fungsi-fungsi* basa menika inggih menika:

- a. *Fungsi Instrumental (the instrumental function)*. Ing salebeting menika basa ngasilaken kahanan-keahanan tartamtu saha njalari kadadosan prastawa tartamtu, tegesipun basa gadhah *fungsi* ngasilaken wujud utusan utawi *imperatif*.
- b. *Fungsi regulasi (the regulatory function)*, ateges basa gadhah *fungsi* kangge pangruda peksa saha ngatur tiyang sanes.
- c. *Fungsi representasi (the representasional function)*, ateges basa gadhah *fungsi* ndamel pitakenan, ngandharaken *fakta*.
- d. *Fungsi interaksi (the interactional function)*, ateges basa gadhah *fungsi* njamin saha mantepaken babagan dangu saha katindakaken gineman saha mangun *interaksi sosial*.
- e. *Fungsi individu (the personal function)*, ateges basa gadhah *fungsi* minangka sarana *komunikasi* ingkang saged nedahaken kapribaden tiyang, menapa piyambakipun nembe bingah, sedhah, duka, anyel, kuciwa, bagya, lan sapanunggalipun.
- f. *Fungsi heuristik (the heuristic function)*, ateges basa gadhah *fungsi* minangka wujud pitakenan ingkang kedah wonten wangsulan.
- g. *Fungsi imajinatif*, ateges basa minangka pangripta *sistem*, pamanggih, utawi cariyos ingkang *imajinatif*. Padatanipun *fungsi* menika ing salebeting *roman, dongeng*, lan sapanunggalipun.

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi* basa ing salebeting *komunikasi* inggih menika *fungsi ekspresif, fungsi*

direktif, fungsi informasional, fungsi metalingual, fungsi interaksional, fungsi kontekstual, fungsi puitik, saha fungsi imajinatif. Andharanipun *fungsi* basa inggih menika:

- a. *Fungsi ekspresif* inggih menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kangge ngandharaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif* polatan saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, raos sedhah, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun.
- b. *Fungsi direktif* inggih menika saged dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes. Pramila, *fungsi direktif* menika tumuju dhumateng tiyang ingkang nampi piweling. Basa dipunginakaken kangge ndayani tiyang sanes kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken, lan sapanunggalipun. Miturut Chaer (ing salebeting Astuti, 2012: 3) bilih *fungsi* menika asring dipunwastani *fungsi* utusan utawi *imperatif*. *Fungsi direktif* menika basa ingkang gadhah *fungsi* ngasilaken kahanan-keahanan tartamtu saha njalari kadadosan prastawa tartamtu. Ing salebeting *fungsi direktif* menika basa boten namung ndamel tiyang ingkang mirengaken nindakaken prekawis, nanging nindakaken kagiyatan jumbuh kaliyan ingkang dipunkajengaken tiyang ingkang paring piweling menika.
- c. *Fungsi informasional* inggih menika *fungsi* basa ingkang dipunginakaken kagem paring *informasi*. *Fungsi* menika saged dipunginakaken kangge paring gambaran, ngandharaken utawi paring *informasi*. Miturut Halliday (ing

salebeting Astuti, 2012:4) nyebataken *fungsi* menika mawi *istilah fungsi pemerian* utawi *representative*. Ing salebeting *fungsi* menika basa saged dipunginakaken kagem nglapuraken kasunyatan ingkang sanyatanipun kadosta ingkang nate dipunpirsani utawi dipunalami tiyang.

- d. *Fungsi metalingual* inggih menika *fungsi* basa ingkang fokusipun *kode*. Basa dipunginakaken kagem mratelakaken basa. Chaer (ing salebeting Astuti, 2012:4) paring tuladha inggih menika paugeran-paugeran basa dipunandharaken mawi basa. ing salebeting kamus *monolingual*, basa dipunginakaken kangge mratelakaken tegesipun basa menika.
- e. Halliday (ing salebeting Astuti, 2012:4) ngandharaken bilih *fungsi interaksional* dipunginakaken kagem ngandharaken, njagi, saha mungkasi gineman antawisipun *penutur* saha *lawan tutur*. *Komunikasi* ingkang kalampahan nedahaken seserepan babagan tata krama pasrawungan. Umpaminipun, sapa aruh kanthi sae, pirsa sinten ingkang dipunajak gineman, adat-istiadat, saha budaya lokal ingkang taksih wonten.
- f. *Fungsi kontekstual* inggih menika fokus tumrap *konteks* panganggening basa. pramila, *konteks* nemtokaken sanget babagan *makna* basa ingkang dipunginakaken. Ing salebeting *fungsi kontekstual* menika dipunandharaken bilih basa ingkang sami gadhah *makna* ingkang beda menawi *konteks*-ipun beda.
- g. *Fungsi puitik* basa menika tumuju *kode* saha *makna*. Ing salebeting *fungsi* menika *unsur seni* ketingal sanget kadosta panganggening purwakanthi saha wirama.

h. *Fungsi imajinatif* menika padatanipun dipunginakaken kagem nyerat cerkak, *dongeng, novel*, lan sapanunggalipun. Lumantar basa saged kaanggit ngipi ingkang endah kados menapa ingkang dipunkajengaken.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang gayut saha sampun katindakaken kaliyan panaliten menika inggih menika panalitenipun Ernawati (2018) ingkang irah-irahanipun “Fungsi Variasi Bahasa dalam Interaksi Jual di Pasar Bima (Kajian Sociolinguistik)” menika nganalisis *variasi* basa kanthi ngginakaken *pendekatan sociolinguistik* ingkang ancasiipun nggambaraken *fungsi variasi* basa ing salebeting dol-tinuku wonten pasar Bima. Panalitenipun Ernawati menika ngginakaken rancangan *deskriptif kualitatif*, wondene asiling panaliten nedahaken bilih *fungsi ragam* basa ing kagiyatan dol-tinuku wonten pasar Bima kadosta *fungsi emotif, fungsi direktif, fungsi fatik, saha fungsi referensial*.

Panalitenipun Ernawati kaliyan panaliten menika sami ngrembag babagan *fungsi variasi* basa. Menawi bedanipun menika prekawis *subjek* panaliten. Menawi panalitenipun Ernawati menika subjekipun tiyang ingkang sadayan saha ingkang tumbas, wondene panaliten menika mundhut *subjek NDX A.K.A.*

Panaliten ingkang sampun katindakaken saha gayut kaliyan panaliten menika inggih menika panalitenipun dening Fitriyani, Rahayu, saha Wulandari (2017) kanthi irah-irahan “Bahasa Pedagang Ikan di Pasar Panaroma Bengkulu (Kajian Sociolinguistik)” menika wosipun ngandharaken *variasi* basa saking *penutur* kadosta *idiolek, asal daerah, jinis kelamin, saha yuswa, lajeng* ngandharaken *fungsi* basa ingkang dipunginakaken tiyang ingkang sadayan *ulama* wonten Pasar Panorama Bengkulu. Asiling panalitenipun Fitriyani, Rahayu, saha Wulandari inggih menika basanipun tiyang ingkang sadayan ulam ing pasar Panorama Bengkulu ingkang dipuntingali saking *penutur* wonten *idiolek penutur*

ingkang ngginakaken pilihan tembung *yang saha bunda* minangka tembung sapa aruh kangge tiyang ingkang tumbas nedahaken *ciri khas penutur*, saha *sosiolek penutur* inggih menika asal *daerah* ingkang ndayani kawontenan *variasi* basa *penutur* ingkang ngginakaken basa Melayu Bengkulu, basa Serawai *daerah* Seluma saha Bengkulu Selatan, basa Lintang Empat Lawang, basa Jawi, saha pilihan tembung, ukara, saha tembung sapa aruh ingkang dipunginakaken *penutur* nedahaken jinis *kelamin*, asal *daerah*, saha yuswa.

Panalitenipun Fitriani, Rahayu, saha Wulandari kaliyan panaliten menika sami ngrembag babagan *variasi* saha *fungsi* basa. Bedanipun inggih menika panalitenipun Fitriani, Rahayu, saha Wulandari ngangge kajian *sosiolinguistik* saha subjekipun tiyang ingkang sadayan ulam, wondene panaliten menika ngangge kajian *sosio pragmatik* saha subjekipun *NDX A.K.A.* Panaliten menika namung naliti *variasi* basa sacara umum, wondene panalitenipun Fitriani, Rahayu, saha Wulandari naliti *variasi* basa ingkang dipuntingali saking *penutur* kados asal *daerah*, jinis *kelamin* saha yuswa.

Fagetsten, Dalama, saha Sweden (2007) kanthi irah-irahan “A Sociolinguistic Analysis of Swear Word Offensiveness”. Panaliten menika karancang kanthi ancangan *metodologis* ingkang dipuntujokaken kangge ngempalaken *data kuantitatif* saha *kualitatif*, ngrefleksikaken ancangan *sosiolinguistik* saking panganggening basa kasar, saha ngawontenaken *data* kangge madosi babagan panganggening basa kasar saha *konteks sosial* menika magayutan menapa boten. Panaliten kasebat ngandharaken jinis-jinis basa kasar ingkang dipunagem nalika *interaksi sosial* dening Mahasiswa ing Universitas Florida,

Amerika Serikat saha *peringkat* tembung-tembung ingkang dipun-urutaken adhedhasar tingkat kasaripun miturut pambiji saking mahasiswa.

Panaliten ingkang katindakaken dening Fagetsten, Dalama, saha Sweden kaliyan panaliten menika meh sami, inggih menika sami naliti saha ngrembag babagan basa kasar saha wujud utawi jinisipun basa kasar. Bedanipun inggih menika babagan sumber dhatanipun. Menawi Fagetsten, Dalama, saha Sweden mendhet sumber *data* saking mahasiswa ing Universitas Florida, wondene sumber dhatanipun panaliten ing ngriki inggih menika wonten ing cakupan tembang *musik hip-hop-dangdut NDX A.K.A* saha fokusipun ing *variasi* basa. Bedanipun ingkang sanesipun inggih menika panaliten dening Fagetsten, Dalama, saha Sweden menika ngrembag kanthi lebet panaliten menika, sasampunipun Fagetsten, Dalama, saha Sweden manggihi basa kasar saha jinisipun lajeng panaliti madosi gayutipun panganggening basa kasar saha *konteks sosial* ing kalangan mahasiswa ing Universitas Florida, Amerika Serikat, saha ngurutaken basa kasar miturut pambiji saking mahasiswa.

Panaliten ingkang relevan salajengipun inggih menika panaliten saking Yogatama & Nugraheni (2010) kanthi irah-irahan “Kajian Sociolinguistik dalam Style (*Ragam Bahasa*) Dialog Film Indonesia (Studi Kasus: Naskah Film Indonesia Tahun 2005-2008)”. Panaliten menika ngandharaken prekawis *gaya* basa/*ragam* basa utawi *ragam* basa, *fungsi* basa, *faktor sosial* saha *domain* ingkang wonten ing salebeting *naskah film* Indonesia taun 2005-2008. Miturut panaliten menika, ing salebeting *film* Indonesia taun 2005-2008 wonten lelewaning basa ingkang langkung jangkep tinimbang *film* sanesipun. Panaliten saking Yogatama &

Nugraheni kaliyan panaliten menika sami-sami panaliten ingkang kajianipun ngangge kajian *sociolinguistik*, wondene bedanipun inggih menika sumber panalitenipun. Menawi panaliten saking Yogatama & Nugraheni sumber datanipun inggih menika *ragam* basa ing *naskah film*, menawi panaliten menika ngginakaken sumber *data* saking tembang *NDX A.K.A*, wondene *fokus* panalitenipun menika *variasi* basa.

Panaliten sanes ingkang meh sami kaliyan panaliten menika inggih menika dening Wong Dandan (2008) kanthi irah-irahan tesis *Pemilihan Pemakaian Bahasa Warga Tionghua di Kotamadya Yogyakarta: Suatu Kajian Sociolinguistik*. Wosipun panaliten menika inggih menika ngandharaken wujud *variasi kode* basa ingkang dipunginakaken dening masyarakat Tionghua ing Kotamadya Yogyakarta ing salebeting kulawarga ingkang *kompleks*, inggih menika magayutan kaliyan *variasi tunggal*, *campur kode* saha *alih kode* antawisipun basa Indonesia *informal* saha basa Jawi ngoko, antawisipun basa Indonesia *informal* saha basa Mandarin, antawisipun basa Jawi ngoko saha basa Mandarin, sarta antawisipun basa Jawi ngoko saha basa Inggris. Andharan salajengipun inggih menika babagan *pola* pamilihing basa ingkang dipunginakaken masyarakat Tionghua ing kotamadya Yogyakarta ketingal variasinipun maneka werni. Panaliten dening Wong Dandan kaliyan panaliten menika meh sami, inggih menika ngrembag babagan panganggening basa kadosta *campur kode* saha *alih kode*. Bedanipun inggih menika panaliten dening Wong Dandan menika mendhet *subyek* kulawarga Tionghua, wondene panaliten menika subyekipun inggih menika cakepan tembang *NDX A.K.A* saha kajianipun *sosio pragmatik* amargi ngrembag *variasi* basa.

Panaliten salajengipun inggih menika saking Mohd.Fauzi ingkang irah-irahanipun *Fungsi Basa ing salebeting Syair Bidasari: Kajian Sosiopragmatik*, ingkang ngrembag babagan *fungsi* basanipun *syair* Bidasari. Ing *syair* menika ngginakaken *fungsi informasional, fungsi ekspresif, fungsi direktif, aestetik, saha fatis*. *Fungsi informasional* ing salebeting *syair* Bidasari inggih menika andhap asor nalika tumindak. *Fungsi ekspresif* ing *syair* menika inggih menika tiyang ingkang kirang nggatosaken tata krama. *Syair* menika ugi wosipun wonten *fungsi direktif* bilih *penutur* ngejak para pamirsa saha pamaos supados ampun nyebaraken *fitnah*. Wondene *fungsi estetis* inggih menika wonten piwulang ingkang kaandharaken ing *syair*. Ingkang pungkasan ngemot *fungsi fatis* inggih menika ngejak dhumateng pamaos supados boten gampil kesindir.

Adhedhasar andharan ing nginggil, bedanipun kaliyan panaliten menika inggih punika panaliten menika naliti *variasi* basa. Panaliten menika kaliyan panalitenipun Mohd.Fauzi menika sami nganalisis babagan *fungsi* basa saha kajianipun *sosiopragmatik* ugi.

BAB III

METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken *pendekatan sociolinguistik-pragmatik (sosiopragmatik)*. *Metode* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika *metode panaliten deskriptif kualitatif*. *Metode panaliten deskriptif kualitatif* dipunginakaken ing panaliten menika supados kangge nggambaraken *objek* panaliten adhedhasar kaliyan menapa ingkang wonten ing *data* panaliten. Panaliten *deskriptif kualitatif* boten saking angka-angka, nanging panaliten menika nggambaraken adhedhasar *fakta* utawi *fenomena* wonten ing tiyang ingkang ngendikan. Panaliten menika ugi ngasilaken *data* awujud *paparan* menawa wontenipun *data*, boten wonten tetimbangan leres menapa lepat (Sudaryanto, 1992: 62).

Panaliten *deskriptif kualitatif* inggih menika panaliten ingkang ancasipun saged mangertos *fenomena* babagan menapa ingkang dipunalami dening *subjek* panaliten kadosta *tindak-tanduk*, pamanggih, *motivasi*, lan sapanunggalipun kanthi *holistik* saha kanthi cara nggambaraken ing wujud tembung-tembung saha basa, ing *konteks khusus* ingkang *alamiah* saha kanthi ngginakaken sedaya *metode alamiah* (Lexy.J.Moleong, 2007:6).

Panaliten menika kalebet jinis *deskriptif kualitatif* amargi nggambaraken asiling panaliten kanthi ngginakaken tetembungan saking sedaya *informasi data* ingkang kapinggahaken nalika naliti. *Data* ingkang kapinggahaken awujud jinis *variasi* basa, saengga lajeng dipunanalisis *fungsi* basanipun mawi kajian

sosiopragmatik. Analisisipun menika awujud tetembungan ingkang nggambaraken *fungsi* basa gayut kaliyan *sosiopragmatik* ing salebeting cakupan tembang *NDX A.K.A.*

B. Subjek saha Objek Panaliten

Subjek panaliten menika inggih punika *NDX A.K.A.* panaliten menika dipunfokusaken ing *satuan lingual*, inggih menika tembung, *frase*, saha ukara ingkang kalebet basa amargi wujud *variasi* basa menika boten namung awujud tembung kemawon nanging awujud *frase* saha ukara ugi wonten ing cakupan tembang menika, wondene *objek* panaliten menika inggih punika wujud *variasi* basa saha *fungsi* basa ingkang dipunginakaken ing cakupan tembang *NDX A.K.A.* amargi wujud *variasi* basa saha *fungsi* basa saking *variasi* basa kalebet inti saking panaliten menika. Prekawis menika jumbuh kaliyan pamanggih Arikunto (2005) bilih *objek* panaliten menika inti saking prekawis panaliten.

C. Data Panaliten

Data panaliten menika inggih punika awujud basa kasar, *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa walikan, basa Jawi Banyuwangi, basa Jawi *ragam* ngoko lugu, basa Jawi *ragam* ngoko alus saha basa Jawi *ragam* krama lugu wonten ing cakupan tembang *NDX A.K.A.* *Data* panaliten menika dipunpendhet saking kempalan tembang ing *album VCD NDX A.K.A* kadosta *Kanca Tekan Mati, Tak Akoni Aku sing Salah, Sayang, Bojoku Ketlikung, Kelangan Tresnamu, Ditinggal Rabi, Kelangan, Kimcil Kepolen, Salah Kekancan, Kelingan Mantan, Lilakna Aku,*

Terminal Giwangan, TTM, saha Jaran Goyang. Salajengipun *data* panaliten dipuntranskripsi, saha dipunanalisis adhedhasar *teori* miturut Sudaryanto (1993).

D. Sumber Data

Sumber *data* utami ing panaliten *kualitatif* inggih menika awujud tetembungan. *Data* sanesipun kadosta *dokumen* lsp (Lofland ing salebeting Lexy Moleong, 2007: 112). Sumber *data* ing salebeting panaliten inggih punika saking *album NDX A.K.A* ingkang wosing tembangipun inggih menika *Kanca Tekan Mati, Tak Akoni Aku sing Salah, Sayang, Bojoku Ketlikung, Kelangan Tresnamu, Ditinggal Rabi, Kelangan, Kimcil Kepolen, Salah Kekancan, Kelingan Mantan, Lilakna Aku, Terminal Giwangan, TTM, saha Jaran Goyang*. Tembang-tembang menika sampun wonten ing setunggal *album* saha sampun kondhang ing masyarakat.

E. Instrumen Panaliten

Instrumen utami ing panaliten menika inggih punika panaliti. Prekawis menika amargi panaliti minangka tiyang ingkang ngrancang saha nindakaken panaliten ingkang sampun kasusun. Proses mendhet *data* kaajab taksih jumbuh kaliyan prekawis ingkang sampun dipunrancang saha pikantuk asil kados ancas ingkang sampun katetepaken.

Ing salebeting panaliten menika dipunginakaken *instrumen* panaliti awujud *human instrument* minangka *instrumen* utami inggih menika panaliti piyambak ingkang gadhah *peran* minangka tiyang ingkang nafsiraken saha nganalisis *data*.

F. Teknik Ngempalaken Data

Panaliten menika ngginakaken *observasi nonpartisipan* minangka *teknik ngempalaken data*. Ing salebeting *observasi nonpartisipan*, panaliti boten ndherek saha namung minangka *pengamat independen*. Panaliti nyathet, nganalisis saha ndamel dudutan babagan prekawis menika (Sugiyono, 2015:145). Ngempalaken *data* mawi *observasi nonpartisipan* ing panaliten menika saged madosi *makna* ingkang dipunucapaken saha ingkang kaserat wonten *album NDX A.K.A.*

G. Keabsahan Data

Keabsahan data ing panaliten menika ningkataken *ketekunan* saha *triangulasi*. Ningkataken *ketekunan* gadhah ancas supados *data* ingkang dipunpanggihaken menika *valid*. Ningkataken *ketekunan* saged ndayani supados *deskripsi data* menika *akurat* saha *sistematis* prekawis menapa ingkang dipuntaliti (Sugiyono, 2012: 371), wondene *triangulasi* ingkang dipunginakaken menika *triangulasi teknik*. *Triangulasi teknik* menika kangge nguji *kredibilitas data* kanthi cara ngecek *data* ing sumber ingkang sami ananging caranipun beda, saged awujud wawanrembag, *observasi* saha *dokumentasi* (Sugiyono, 2012: 372). Panaliten menika ngginakaken *triangulasi teknik* ingkang awujud *dokumentasi* saha *observasi* nalika *NDX A.K.A* manggung.

H. Teknik Analisis Data

Metode analisis data ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih punika *metode agih* saha *metode padan*. *Metode agih* inggih menika *metode*

ingkang pirantinipun ing salebeting basanipun piyambak (Sudaryanto, 1993: 16). *Metode* menika dipunginakaken kangge nganalisis prekawis-prekawis peranganipun basa. Ing salebeting panaliten menika *metode agih* dipunginakaken kangge nganalisis wujud *variasi* basa ing cakepan tembang *NDX A.K.A.*

Sudaryanto (1993:13) ngandharaken bilih *metode padan* menika *metode analisis* basa ingkang pirantinipun ing saknjawinipun, magayutan menapa boten menika dados perangan saking basanipun. Pramila, ing salebeting *analisis data* dipunginakaken paugeran saknjawinipun basa ingkang dipunanalisis. *Sub metode padan* ingkang dipunginakaken inggih menika *metode padan pragmatis*. *Metode padan pragmatis* menika *metode* ingkang pirantinipun tiyang ingkang dipunajak gineman.

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif kualitatif*. Tata lampahing ingkang katindakaken ing panaliten menika inggih punika kanthi cara *reduksi data*, nyawisaken *data*, saha ndamel dudutan ingkang sampun leres saking pamriksan.

I. Metode Nyawisaken Asiling Panaliten

Metode nyawisaken asiling panaliten wonten kalih, inggih menika *metode* nyawisaken *formal* saha *metode* nyawisaken *informal* (Sudaryanto, 1993: 144). *Metode* nyawisaken *informal* inggih menika ngrumusaken mawi tetembungan ingkang padatanipun, sinaosa mawi *terminologi* ingkang *teknis* sipatipun, wondene nyawisaken *formal* inggih menika ngrumusaken mawi tandha saha pralambang.

Panaliten menika ngangge *metode* nyawisaken asil panaliten ingkang *informal* amargi mawi tetembungan nalika ngandharaken asiling panaliten.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Panaliten ingkang katindakaken dening panaliti menika babagan jinis variasi basa saha fungsi variasi basa wonten ing cakepan tembang NDX A.K.A. Ing cakepan menika wonten mapinten-pinten jinis variasi basa kadosta campur kode, alih kode, basa gaul, basa kasar, basa walikan, basa Banyuwangi, basa Jawi ragam ngoko lugu, basa Jawi ragam ngoko alus, basa Jawi ragam krama lugu. Jinis variasi basa menika gadhah fungsi kados fungsi direktif, fungsi ekspresif, fungsi puitik lan sapanunggalipun. Asiling panaliten saha piremagan saged kaandharaken ing nginggil menika.

A. Jinis saha Fungsi Variasi Basa ing Tembang NDX A.K.A

No.	Variasi Basa	Fungsi Basa	Data
1.	<i>Campur kode</i>	<i>Fungsi direktif</i>	1. Cakepan tembang: Apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang - (irah-irahan tembang: kanca tekan mati). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 4
		<i>Fungsi ekspresif</i>	2. Cakepan tembang: Walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti - (irah-irahan tembang: Tak Akoni Aku sing Salah). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 24
		<i>Fungsi puitik</i>	3. Cakepan tembang: Sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas - (irah-irahan tembang: Kanca Tekan Mati). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 18

No.	Variasi Basa	Fungsi Basa	Data
2.	<i>Alih kode</i>	<i>Fungsi informasional</i>	4. Cakepan tembang: Tak tunggu tak enteni - (irah-irahan tembang: Lilakna Aku) - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 9
3.	Basa gaul	<i>Fungsi direktif</i>	5. cakepan tembang: Hei bro malah kaya sapa wae - (irah-irahan tembang: Kanca Tekan Mati). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 12
		<i>Fungsi puitik ingkang repetisi</i>	6. cakepan tembang: I'm slow woless woless baby baby - (irah-irahan tembang: Jaran Goyang). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 36
4.	Basa kasar	<i>Fungsi individu</i>	7. Cakepan tembang: Mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu - (irah-irahan tembang: Salah Kekancan). - <i>Album: NDX A.K.A</i> Cakepan gatra kaping: 19
		<i>Fungsi puitik</i>	8. Cakepan tembang: Pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol - (irah-irahan tembang: Bojoku Ketlikung). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 31
		<i>Fungsi ekspresif</i>	9. Cakepan tembang: Saiki tak eklaske kowe modar ya karepmu - (irah-irahan tembang: Salah Kekancan) - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 27

No.	Variasi Basa	Fungsi Basa	Data
5.	Basa walikan	<i>Fungsi individu (the personal function)</i>	10.Cakepan tembang: Seakan kau Arjuna padahal engkau keju - (irah-irahan tembang: Bojoku Ketlikung). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 16
6.	Basa Jawi Banyuwangi	<i>Fungsi puitik ingkang repetisi.</i>	11.Cakepan tembang: Hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika - (irah-irahan tembang: Kelangan). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 1 saha 2
		<i>Fungsi ekspresif</i>	12.Cakepan tembang: Lila sun coba ngelilakena, masia abot hang sun rasa - (irah-irahan tembang: Kelangan). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 9 saha 10
7.	Basa Jawi ragam ngoko lugu	<i>Fungsi direktif</i>	13.Cakepan tembang: Rasah nangis merga tresna - (irah-irahan tembang: Kanca Tekan Mati). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 1
8.	Basa Jawi ragam ngoko alus	<i>Fungsi ekspresif</i>	14.Cakepan tembang: Sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki - (irah-irahan tembang: Kelangan). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 17
		<i>Fungsi representasi/ andharan</i>	15.Cakepan tembang: Aku raisa lila sampeyan medhot tresna - (irah-irahan tembang: Tewas Tertimbun Masa Lalu/TTM). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 29
9.	Basa Jawi ragam krama lugu	<i>Fungsi ekspresif</i>	16.Cakepan tembang: Meh sambat kalih sinten - (irah-irahan tembang: <i>Sayang</i>). - <i>Album: NDX A.K.A</i> - Cakepan gatra kaping: 13

B. PIREMBAGAN

1. *Campur kode:*

Subyakto (salebeting Suwandi, 2008: 87) ngandharaken bilih basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung utawi *ragam* basa padintenan antawisipun tiyang-tiyang ingkang sampun tepang saha raket. Suwandi (2008: 88) ngandharaken bilih *campur kode* menika gadhah titikan-titikan, inggih menika: (1) panganggening basa ingkang cacahipun kalih utawi langkung ingkang dipunginakaken ing kahanan *informal, santai*, utawi raket; (2) boten wonten ingkang meksa ngginakaken *campur kode* nalika gineman, saha (3) *campur kode* menika saged awujud panganggening tembung, *klausa, idiom*, sapa aruh, lan sapanunggalipun.

a. Fungsi direktif

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi direktif* inggih menika saged dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes. Pramila, *fungsi direktif* menika tumuju dhumateng tiyang ingkang nampi piweling. Basa dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan menika saged dipundudut bilih *indikator* saking *fungsi direktif* menika kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken, lan sapanunggalipun.

Tuladhanipun ukara ingkang kalebet *variasi* basa *campur kode* ingkang *fungsi* basanipun *direktif* inggih menika (1) apa maneh perasaan ora kudu nggayuh

lintang. Ukara “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang” menika kalebet *variasi* basa ingkang *campur kode* amargi ngginakaken *ragam* basa ingkang cacahipun kalih inggih menika basa Jawi ing tembung “apa maneh”, “ora kudu nggayuh lintang” saha basa Indonesia menika “perasaan”. Cakepan “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang” menika kalebet *fungsi* basa *direktif* amargi wujudipun ngemutaken kancanipun supados menawi tresna kaliyan tiyang sanes boten usah tresna wuta, ingkang limrah kemawon. Pramila, cakepan “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang” menika kalebet *fungsi direktif* amargi tiyang ingkang ngendikan menika ngemutaken saha paring piweling dhumateng kancanipun. Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi ngginakaken tembung basa Jawi. Tembung “perasaan” ugi gampil dipuntirokaken masyarakat saengga gampil anggenipun nembangaken. Masyarakat Jawi menika tepa saliranipun saha pangertenipun ageng saengga asring paring wejangan.

Konteks cakepan tembang “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang” menawi dipunrunut sakderengipun saha sasampunipun ukara menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” nembe nglipur kancanipun ingkang nembe sedhih amargi dipuncidra ingkang dipuntresnani, sasampunipun dipunlipur lajeng paring piweling bilih menawi tresna kaliyan tiyang boten usah tresna sanget. Paraga “aku” ngendikan bilih piyambakipun tansah ngancani. Kekancan menika sejatosipun kados mekaten, inggih menika tansah setya nalika bingah menapa dene sisah, paring piweling, saha ngemutaken dhumateng kancanipun, pramila cakepan tembang ing nginggil kalebet *fungsi* basa ingkang *direktif*.

b. *Fungsi ekspresif*

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi ekspresif* inggih menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kagem medalaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif* polatan saged dipunginakaken kagem ngandharaken raos bingah, raos sedhah, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator* saking *fungsi ekspresif* inggih menika ngandharaken raos bingah, raos sedhah, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Tuladha ukara ingkang kalebet *fungsi ekspresif* inggih menika (2) walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti. Ukara menika kalebet *campur kode* basa amargi ngginakaken *ragam* basa ingkang cacahipun kalih inggih menika “walau ku bukan pilihan” minangka kalebet basa Indonesia, wondene “aku pasrah marang Gusti” minangka *ragam* basa Jawi. Cakepan menika ngginakaken *campur kode* amargi ing kahanan *informal* saha tiyang ingkang dipunajak gineman menika tiyang ingkang dipuntresnani saengga sampun limrah ngginakaken *campur kode*.

Cakepan tembang “walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti” menika kalebet *fungsi ekspresif*, kagem ngandharaken raos sedhah sasampunipun tiyang ingkang ngendikan ukara menika sampun ndamel raos kuciwanipun tiyang ingkang dipuntresnani. Pramila, cakepan tembang “walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti” menika andharan saking raos sedhah saha pasrah. Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi wonten tembung basa Jawinipun. Masyarakat Jawi menika gadhah sipat narima ing pandum ingkang ageng saengga

tansah nrimah ing saperangan kahanan. *Konteks* ukara menika menawi dipunrunut sakderengipun saha sasampunipun cakepan tembang menika paraga “aku” sampun pasrah marang Gusti menawi boten dados pilihanipun ingkang dipuntresnani amargi paraga “aku” menika nate ndamel kuciwa saengga ngakeni kaluputanipun. Ingkang saged katindakaken inggih menika namung pasrah sinaosa taksih ngupiya amargi taksih tresna nanging ingkang pungkasan namung saged pasrah.

c. Fungsi puitik

Miturut Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi puitik* basa menika tumuju *kode* saha *makna*. Ing salebeting *fungsi* menika *unsur seni* ketingal sanget kadosta panganggening purwakanthi saha wirama. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator fungsi puitik* menika panganggening puwakanthi saha wirama. Tuladha ukara ingkang kalebet *fungsi puitik* inggih menika (3) sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas. Cakepan menika kalebet *campur kode* amargi ngginakan *ragam* basa ingkang cacahipun kalih inggih menika basa Jawi *ragam* ngoko lugu saha basa Indonesia. Tembung “kandas” menika tembung basa Indonesia.

Ukara “sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas” menika *fungsi* basa *puitik* amargi ngangge purwakanthi *as* ing tembung *rolas* saha tembung *kandas*. Panganggening purwakanthi menika supados tembang menika endah. Pramila cakepan tembang “sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas” menika kalebet *fungsi puitik* amargi ngangge purwakanthi saha wirama “as” ing tembung “rolas” saha “kandas”.

Masyarakat Jawi menika langkung *puitik* ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken saha pangerten kaliyan kancanipun. *Konteks* cakepan tembang inggih menika paraga “aku” ngendikan kaliyan kancanipun menika kersa mirengakan wejangan prekawis tresna supados boten pisah.

2. *Alih kode*

Alih kode menika kode basa ingkang dipungantos, antawisipun *ragam* basa menapa dene *dialek* (*ragam* resmi utawi *formal* gantos *ragam* ingkang boten resmi utawi saking *dialek* setunggal gantos *dialek* sanesipun), ugi saged antawisipun basa ingkang gantos (saking basa Indonesia gantos basa *daerah* utawi suwalikipun, saged ugi gantos ing basa *asing* utawi antawisipun basa *asing*), saha saged ugi awujud *klausa* utawi ukara jangkep ingkang gadhah paugeran *gramatika* piyambak, ingkang katindakaken kanthi sadar amargi alesan-alesan tartamtu (Achmad & Alek Abdullah, 2013: 159).

a. *Fungsi informasional*

Chaer (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken *fungsi informasional* menika *fungsi* basa ingkang dipunginakaken kagem paring *informasi*. *Fungsi* menika saged dipunginakaken kangge paring gambaran, ngandharaken utawi paring *informasi*. Ing salebeting *fungsi* menika basa saged dipunginakaken kagem nglapuraken kasunyatan ingkang sanyatanipun kadosta ingkang nate dipunpirsani utawi dipunalami tiyang. Adhedhasar pangretosan ing nginggil saged dipundudut indikatoripun inggih menika paring *informasi* utawi nglapuraken saha ngandharaken bilih tiyang menika pirsani utawi ngalami prekawis menapa, saengga cakepan menika kalebet *fungsi informasional*. Tuladha ukara ingkang kalebet *alih kode* saha gadhah *fungsi* basa *informasional*

inggih menika (4) tak tunggu tak enteni. Cakepan tembang menika kalebet *alih kode* amargi wonten *frase* basa Indonesia “tak tunggu” dipungantos ngangge basa Jawi dados “tak enteni”. Menawi dipunrunut ukara sakderengipun saha sasampunipun cakepan menika, prekawis ingkang njalari *alih kode* saking ukara menika amargi wonten ewah-ewahan saking kahanan *formal* tumuju *informal*.

Cakepan “tak tunggu tak enteni” minangka *fungsi informasional* amargi ngandharaken ingkang dipunalami paraga “aku” nengga tiyang ingkang dipuntresnani. Menawi informasinipun sampun kaandharaken, pangajabipun tiyang ingkang dipuntresnani menika mangertos nanging pranyata mblenjani janji. Masyarakat Jawi menika gadhah sipat sabar ingkang ageng saha paring pangapunten ingkang ageng jumbuh kaliyan cakepan tembang menika bilih paraga “aku” menika tansah sabar nengga ingkang dipuntresnani. *Konteks makna* saking cakepan tembang “tak tunggu tak enteni” menika paraga “aku” tansah sabar nengga sinaosa dipunsiakaken. Prekawis menika jalaran paraga “aku” sampun nindakaken kaluputan inggih menika milih tiyang sanes saengga nalika paraga “aku” paring *informasi* bilih piyambakipun nengga menika pungkasanipun malah pikantuk karma.

3. Basa Gaul

Swandy (2017:1) bilih basa *gaul* ingkang dipunginakaken dening para mudha menika sejatosipun basa padintenan ingkang dipunginakaken dening masyarakat umum, nanging *kosakata* ingkang dipunginakaken sampun dipunmodifikasikaken umpaminipun, aksaranipun dipunwolak-walik, tembung-

tembungipun dipunsingkat, saha taksih kathah cara para mudha anggenipun *modifikasi*.

a. *Fungsi direktif*

Miturut Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi direktif* inggih menika saged dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes. Pramila, *fungsi direktif* menika tumuju dhumateng tiyang ingkang nampi piweling. Basa dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken, lan sapanunggalipun. *Indikator fungsi* menika kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken. Tuladha ukara ingkang kalebet basa *gaul* saha gadhah *fungsi* basa *informasional* inggih menika (5) hei bro malah kaya sapa wae.

Basa “bro” minangka basa *gaul* ingkang saking tembung basa Inggris “brother” ingkang tegesipun sedherek jaler. Padatanipun para mudha ngginakaken tembung menika kagem kanca jaler. Panganggening tembung menika sampun limrah dipunginakaken para mudha supados ketingal *gaul*. Cakepan “hei bro malah kaya sapa wae” menika tembung *bro* dipunginakaken ing pasrawungan ingkang sampun raket. Prekawis menika jumbuh kaliyan pamanggih dening Ing tembung “bro” menika kalebet singkatan saking tembung “brother”. *Fungsi* basa saking ukara “hei bro malah kaya sapa wae” menika *fungsi* basa *direktif* amargi ngemutaken kanca bilih kekalihipun menika sampun dados kanca, boten tiyang sanes, saengga ingkang dipunkajengaken ingkang kanca supados boten usah mangu-mangu utawi pekewuh menawi badhe cariyos utawi nyuwun pambiyantu

dhumateng kancanipun. Pramila, ukara menika gadhah *fungsi* basa ngemutaken. Pramila, cakepan tembang “hei bro malah kaya sapa wae” menika kalebet *fungsi direktif* amargi tiyang ingkang ngendikan menika ngemutaken ingkang kanca supados boten usah pekewuh dhumateng kancanipun menawi mbetahaken pambiyantu.

Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi ngginakaken tembung basa Jawi. Masyarakat Jawi menawi kekancan ingkang sampun raket menika asring nganggep kados sedherek piyambak saengga watekipun pangerten saha asring paring pambiyantu. *Konteks* saking cakepan tembang “hei bro malah kaya sapa wae” menawi dipunrunut cakepan saderengipun saha sasampunipun cakepan menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika gadhah kanca ingkang nembe nandhang runtik saengga minangka kanca ingkang setya, pramila nglipur saha ngemutaken bilih piyambakipun tansah wonten ing sisihipun nalika nembe sedhah utawi kuciwa. Paraga “aku” nglipur kanca supados boten usah nangis amargi tresna saha ngemutaken bilih menawi sedhah saged cariyos prekawis menika. Boten usah pekewuh amargi paraga “aku” siyaga mirengaken saha paring wejangan menawi nembe wonten prekawis. Miturut paraga “aku” bilih kekancan menika tansah setya ngantos dumugi pati.

b. Fungsi puitik

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) bilih *fungsi puitik* basa menika tumuju *kode* saha *makna*. Ing salebeting *fungsi* menika *unsur seni* ketinggal sanget kadosta panganggening purwakanthi saha wirama. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, *indikator* saking *fungsi puitik* menika ngangge purwakanthi saha wirama supados langkung endah. *Fungsi puitik* menika wujudipun kados ta *repetisi*. Miturut Astuti (2012:13)

repetisi menika ngambali tetembungan ingkang dipunanggep wigati. Padatanipun *repetisi* dipunginakaken kangge paring *tekanan*. *Repetisi* ugi dipunginakaken supados ukara menika langkung endah. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut indikatoripun inggih menika wonten tembung sami ingkang dobel. Tuladha ukara basa *gaul* ingkang gadhah *fungsi* basa *puitik* ingkang *repetisi* inggih menika ukara (6) I'm slow woles woles baby baby. Ukara menika kalebet basa *gaul* amargi *woles* menika menawi dipunwalik aksaranipun dados *selow*. *Selow* minangka saking tembung basa Inggris inggih menika *slow* ingkang tegesipun boten sepaneng utawi boten kesesa.

Fungsi basa saking ukara “I'm slow woles woles baby baby” menika *fungsi* basa *puitik* ingkang *repetisi*. Padatanipun *repetisi* dipunginakaken kagem paring *tekanan*, *repetisi* ing cakepan menika inggih punika ing tembung *woles* saha *baby*. *Repetisi* ing tembang dipunginakaken supados tembangipun langkung endah. Pramila, cakepan tembang “I'm slow woles woles baby baby” menika kalebet *repetisi* amargi wonten tembung “woles” saha tembung “baby” ingkang cacahipun wonten kalih. Masyarakat Jawi mliginipun para mudha menawi nandhang raos sedhih, bingah, kuciwa, lan sapanunggalipun menika asring ngandharaken lumantar tembang utawi sanesipun saengga ketingal *ekspresif*. *Konteks* cakepan tembang menika menawi dipunrunut cakepan sakderengipun saha sasampunipun cakepan menika gadhah *konteks* bilih sakderengipun ayem saha adhem tresnanipun, tiyang ingkang dipuntresnani ngalami ewah gingsir dados boten tresna dhumateng paraga “aku”. Prekawis menika njalari paraga “aku” tindak menyang *dukun* supados tiyang ingkang dipuntresnani menika tresna malih. Awit pengalaman ingkang boten

ngremenaken menika ndadosaken paraga “aku” kiyat nglampahi gesang. Paraga “aku” samenika paring pirsu dhumateng “baby” ingkang dipuntresnani kanthi ngendikan “I’m slow woles woles baby baby”. Ingkang dipunkajengaken ukara menika inggih menika paring pirsu dhumateng ingkang dipuntresnani babagan sampun kiyat anggenipun nglampahi pagesangan.

4. Basa Kasar

Miturut Rosidin (2010: 10) ngandharaken bilih sumber basa kasar saged kagolongaken inggih menika: (a) basa kasar/pisuhan ingkang magayutan kaliyan *kotoran/regegan*, (b) basa kasar ingkang gayutipun kaliyan *kelamin*, (c) basa pisuhan/basa kasar ingkang magayutan kaliyan *kewan*, (d) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *agami*, (e) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *sakit mental*, (f) basa kasar ingkang magayutan kaliyan tumindak *pengecut*, (g) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *makhluk* alus/gaib, (h) basa kasar ingkang magayutan kaliyan *kematian*, (i) basa kasar ingkang magayutan kaliyan kagiyatan *seks*. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, cakepan tembang menika ngangge basa kasar magayutan kaliyan *kewan* ingkang aranipun asu. Adhedhasar *kategorial*, basa kasar saged kagolongaken saperangan jinis, inggih menika: (1) basa kasar ingkang kategorinipun *nomina* utawi *frasa nominal*, kadosta *bandhot*, *tai*, *matamu*, *iblis*, *sundal*, lan *sapiturutipun*; (2) basa kasar kategorinipun *verba* (mliginipun *verba statif*), kadosta *mati*; (3) basa kasar *kategori interjeksi*, kadosta *buset*; (4) basa kasar *kategori ajektiva*, kadosta *goblok*, *dungu*, *gila*, lan *sapiturutipun*. (Wijaya saha Rohmadi, 2007:117-118).

Wijaya (2006:125) ngandharaken bilih wujud-wujud basa kasar menika minangka sarana *kebahasaan* ingkang dipunbetahaken dening para *penutur* kangge nggambaraken

menawi *penutur* boten remen saha paring *reaksi* sedaya *fenomena* ingkang njalari raos menika. Padatanipun tiyang gesang menika ngendikan basa kasar ingkang magayutan kaliyan 3 bab wigati menika inggih punika *aktivitas-aktivitas*, perangan badan tartamtu, saha bab ingkang limrah dipundamel pisuhan. *Fungsi* Basa kasar inggih menika minangka sarana *ekspresi* sedaya raos ingkang dipunalami dening *penutur*, kadosta raos bingah, kuciwa, sedhah, lan sapiturutipun.

a. *Fungsi individu*

Halliday (ing salebeting Jatmiko, dkk. 2017:362) mratelakaken bilih *fungsi individu* (*the personal function*), ateges basa gadhah *fungsi* minangka sarana *komunikasi* ingkang saged nedahaken kapribaden tiyang, menapa piyambakipun nembe bingah, sedhah, duka, anyel, kuciwa, bagya, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, *indikator fungsi individu* inggih menika ngandharaken prekawis ingkang dipunraosaken kadosta raos bingah, sedhah, duka, anyel, kuciwa, bagya. Tuladha ukara ingkang kalebet basa kasar saha gadhah *fungsi* basa *individu* inggih menika (7) mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu. Ukara menika minangka basa kasar ingkang magayutan kaliyan kewan amargi wonten tembung “asu” ing cakepan menika. Paraga “aku” nganggep ingkang kanca kados asu tumindakipun amargi sampun ndamel raos duka. Duka amargi kanca ingkang sampun dipunanggep sedherek malah ndamel kuciwa jalaran sampun ngrebat tiyang ingkang dipuntresnani saengga samenika piyambakipun boten nganggep kanca malih.

Fungsi basa saking tembung “asu” menika *fungsi individu*. *Fungsi* menika inggih menika *komunikasi* ingkang nedahaken kapribadenipun tiyang ingkang ngendikan menika nembe nandhang raos kuciwa saha duka. Tiyang ingkang

ngendikan menika sampun boten nganggep kancanipun amargi sampun ndamel raos kuciwa, saengga ukara menika kalebet *fungsi individu*. Pramila, cakepan tembang “mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu” menika kalebet *fungsi individu* amargi tiyang ingkang ngendikan menika nembe ngandharaken raos duka saengga saged nedahaken watakipun tiyang menika gampil duka amargi ngangge basa kasar kadosta “asu”. Ukara menika ugi kalebet *fungsi* basa *puitik* amargi ngangge purwakanthi “u” inggih menika ing tembung “ngguyu” saha “asu”.

Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi ngagem tembung basa Jawi. Masyarakat Jawi menawi nembe duka saged ketingal kapribadenipun lumantar basa ingkang dipunginakaken. Padatanipun masyarakat Jawi ngagem basa kasar awujud nama kewan kadosta segawon minangka *ekspresi* raos duka saha kuciwa. *Konteks* cakepan tembang “mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu” menawi dipunrunut cakepan sakderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” nembe kuciwa saha boten nampi tumindakipun ingkang kanca amargi sampun mblenjani janji saha nyepelekaken. Piyambakipun ngemutaken bilih sedaya tumindak ingkang sae malah dipunwales boten sae kadosta menawi mbetahaken pambiyantu menika dhateng, menawi boten malah nilar kanca ngantos bubah anggenipun kekancan. Paraga “aku” sampun nganggep boten kanca ngantos ngendikan menawi rikala rumiyin minangka kanca ngguyu, samenika ewah dados kanca asu utawi mungsuh saengga sampun boten kersa kekancan malih.

b. *Fungsi puitik*

Miturut Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi puitik* basa menika tumuju *kode* saha *makna*. Ing salebeting *fungsi* menika *unsur seni* ketingal sanget kadosta panganggening purwakanthi saha wirama. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator fungsi puitik* menika panganggening puwakanthi saha wirama. Tuladha ukara ingkang kalebet *fungsi puitik* inggih menika (8) pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol, menika kalebet basa kasar amargi wonten tembung “utekmu prothol” minangka basa kasar ingkang wujudipun perangan badan. *Konteks* ing ukara menika boten kagem gumujengan nanging minangka sarana raos duka amargi boten nrima tumindak kancanipun ingkang sampun ndamel duka.

Fungsi basa saking ukara “pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol” menika *fungsi* basa ingkang *puitik* amargi ngginakaken purwakanthi “ol” ing tembung “konyol” saha “prothol”. Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi ngagem tembung basa Jawi. Masyarakat Jawi mliginipun para mudha gampil ngandharaken kapribadenipun lumantar basa ingkang dipunginakaken. Padatanipun masyarakat Jawi ingkang nandhang duka lajeng misuh ngagem basa kasar ingkang wujudipun naminipun bagian badan kadosta “utekmu”. *Konteks* cakepan tembang “pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol” menawi dipunrunut cakepan sakderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika kuciwa amargi kancanipun sampun tega ngrebat garwanipun. Tumindak menika ngantos ndamel paraga “aku” boten ngira kancanipun sampun tegel kamangka sampun kanca kenthel. Kedahipun ingkang kanca menika pados wanita sanesipun nanging malah nikung utawi ngrebat garwanipun. Ing ngajengan kados kanca kenthel nanging ing wingking malah tumindakipun kados segawon utawi *bajingan*, kancanipun boten menggalih ingkang dipunraosaken paraga “aku” ingkang

sakit ing manah. Paraga “aku” eram kaliyan kancanipun ingkang sampun tegel ngantos ndamel rugi, ngantos misuh ngunek-ngunekaken utek kancanipun prothol amargi boten kiyat mendhem anggenipun duka. Ing pungkasanipun paraga “aku” sampun lila sinaosa taksih sakit manahipun.

c. *Fungsi ekspresif*

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi ekspresif* inggih menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kangge ngandharaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif* polatan saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, raos sedhih, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Tuladha ukara ingkang kalebet basa kasar saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* inggih menika (9) saiki tak eklaske kowe modar ya karepmu, menika kalebet basa kasar amargi ngangge tembung “modar”. Manungsa menika kedahipun ngangge tembung “ninggal” menawi wonten manungsa ingkang ninggal, nanging, “modar” sampun limrah dipunginakaken minangka basa kasar. Tembung menika dipunginakaken menawi nembe anyel, duka, saha kuciwa. Ing cakepan menika basa kasaripun awujud tembung.

Fungsi basa saking cakepan tembang “saiki tak eklaske kowe modar ya karepmu” menika *fungsi* basa *ekspresif* amargi paraga “aku” sampun anyel, luweh saha duka jalaran kancanipun sampun ngrebat tiyang ingkang dipuntresnani. Andharan ingkang awujud basa kasar menika minangka tandha *emosi* saking paraga “aku”. *Konteks* saking cakepan tembang menika paraga “aku” ngandharaken raos *emosi* anyel, kuciwa saha duka dhumateng kancanipun amargi sampun ngrebat tiyang ingkang dipuntresnani. Kekancan menika kedah sami njagi pangraosipun

kanthi cara njagi *kepercayaan*, boten malah ndamel sakit manahipun kanca. Prekawis menika sejatosipun ingkang dipunugemi masyarakat Jawi ingkang sae saha setya anggenipun memitran supados rukun. Prekawis menika jumbuh kaliyan paribasan tiyang Jawi anggenipun nglampahi gesang ing donya menika “rukun agawe santosa, crah agawe bubrah”. Paribasan menika minangka paugeran gesang masyarakat Jawi saengga saged kaajab rukun anggenipun memitran. Rukun memitran menika saged awujud boten ganggu tiyang sanes.

5. Basa Walikan

Wujud basa maneka werni kadosta basa walikan ingkang tembungipun saking aksara Jawi ingkang dipunwalik. Ing wewengkon masyarakat Jawi, saperangan wewengkon gadhah basa walikan. Basa walikan kagem masyarakat Jawi saged dipunginakaken kagem basa sandi. Wahyu Puji Hanggoro (2016) ing panalitenipun ngandharaken bilih kairing jaman, basa walikan sampun dados basa *khas* arema utawi arek Malang. Kadosta bakso saha apel, basa walikan menika ugi dados ciri khas Malang. Basa walikan ugi dipunginakaken dening panyengkuyung arema, inggih menika aremania nalika *komunikasi* ing antawisipun aremania. Kanthi sadar menapa boten ngginakaken basa walikan kangge nedahaken jati *diri* saha *identitas*. Basa walikan boten namung awujud lisan, nanging ugi awujud seratan. Kadosta: aremania licek ingkang tegesipun aremania *kecil* utawi alit. Boten namung ing Malang kemawon, ing Ngayogyakarta ugi gadhah basa walikan ingkang padatanipun dipunginakaken para mudha. Basa menika sampun limrah dipuncampur kaliyan basa Jawi ing padintenan. Ing Ngayogyakarta, basa walikan

menika saking aksara Jawa saha wonten pandomipun menawi badhe pados tegesipun. Tembung “keju” ing cakepan menika tegesipun segawon. Basa walikan Ngayogyakarta kasusun adhedhasar aksara Jawa kanthi paugeran mundur kalih baris, menawi basa walikan Malangan mbetahaken *kreatifitas* langkung kathah saking para *interaktan* ingkang nindakaken *komunikasi* menika (Wijaya&Mangoting, 2014: 2).

a. *Fungsi individu*

Halliday (ing salebeting Jatmiko, dkk. 2017:362) mratelakaken bilih *fungsi individu (the personal function)*, ateges basa gadhah *fungsi* minangka sarana *komunikasi* ingkang saged panunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, *indikator fungsi individu* inggih menika ngandharaken prekawis ingkang dipunraosaken kadosta raos bingah, sedhih, duka, anyel, kuciwa, saha bagya. Tuladha ukara ingkang kalebet basa walikan saha gadhah *fungsi* basa *individu* inggih menika (10) Seakan kau Arjuna padahal engkau keju. Tembung “keju” menika basa walikan ingkang tegesipun segawon. Paraga “aku” nganggep kancanipun kados segawon amargi ngrebat wanita ingkang dipuntresnani. Ing masyarakat Jawi, menawi nembe duka saged ketingal kapribadenipun kados pundi.

Fungsi basa cakepan tembang “seakan kau Arjuna padahal engkau keju” menika *fungsi* basa *individu (the personal function)*, ateges ginanipun basa minangka sarana *komunikasi* ingkang saged nedahaken kapribaden tiyang, umpaminipun nembe bingah, sedhih, duka, anyel, kuciwa, bagya, lan sapanunggalipun. Tegesipun ukara “seakan kau Arjuna padahal engkau keju” inggih menika paraga “aku” sampun ndamel kuciwa saengga ngendikan kasar.

Pramila, cakepan tembang “seakan kau Arjuna padahal engkau keju” menika *fungsi individu* amargi gambaran andharan raos dukanipun tiyang saha minangka gegambaran kapribaden tiyang menika kirang sae amargi misuh.

Konteks cakepan tembang “seakan kau Arjuna padahal engkau keju” menawi dipunrunut cakepan sakderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika kuciwa amargi kancanipun sampun tega ngrebat garwanipun. Tumindak menika ngantos ndamel paraga “aku” boten ngira kancanipun sampun tegel kamangka sampun kanca kenthel. Kedahipun ingkang kanca menika pados wanita sanesipun nanging malah nikung utawi ngrebat garwanipun. Ing ngajengan kados kanca kenthel, watakipun kados Arjuna ingkang sae, nanging ing wingking malah tumindakipun kados segawon utawi *bajingan*, kancanipun boten menggali ingkang dipunraosaken paraga “aku” ingkang sakit ing manah. Paraga “aku” eram kaliyan kancanipun ingkang sampun tegel ngantos ndamel rugi, ngantos misuh ngunek-ngunekaken utek kancanipun prothol amargi boten kiyat mendhem anggenipun duka. Ing pungkasanipun paraga “aku” sampun lila sinaosa taksih sakit manahipun. Pramila, cakepan menika kalebet *fungsi basa individu* amargi ngandharaken raos sakit manahipun, raos duka, saha kuciwa.

6. Basa Jawi Banyuwangi

Masyarakat Using (ing Banyuwangi) gadhah *kode* andhap asor nalika gineman, inggih menika panganggening tembung ganti tiyang inggih menika *sira* saha *rika*. Tembung *rika* dipunginakaken dening *penutur* ingkang yuswanipun

langkung enem, wondene *sira* dipunginakaken dening *penutur* ingkang yuswanipun sapantaran utawi langkung sepuh (Suyitno, 2008:7).

a. *Fungsi puitik*

Miturut Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi puitik* basa menika tumuju *kode* saha *makna*. Ing salebeting *fungsi* menika *unsur seni* ketingal sanget kadosta panganggening purwakanthi saha wirama. Salah satunggaling wujud *fungsi puitik* inggih menika *repetisi*. Padatanipun *repetisi* dipunginakaken kangge paring *tekanan*. Miturut Astuti (2012:13) *repetisi* menika ngambali tetembungan ingkang dipunanggep wigati. *Repetisi* ugi dipunginakaken supados ukara menika langkung endah. Tuladha ukara ingkang kalebet basa Banyuwangen saha gadhah *fungsi* basa *puitik* inggih menika (11) hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika, menika kalebet basa Jawi banyuwangen amargi wonten tembung ingkang minangka tandha *dialek* mrika, inggih menika “hang”, “sun” “rika”.

Fungsi basa cakepan tembang “hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika” menika kalebet *fungsi* basa *puitik* amargi ing cakepan menika wonten tembung ingkang dipunambali ing pungkasaning ukara inggih menika tembung “ambi rika”. Prekawis ngginakaken tembung ingkang sami ing pungkasaning ukara supados tembang menika langkung endah. Pramila, cakepan tembang menika kalebet *fungsi* basa *puitik* ingkang *repetisi*. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut indikatoripun inggih menika wonten tembung sami ingkang dobel. Pramila, cakepan tembang “hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika” menika *fungsi puitik* ingkang *repetisi*

amargi ngangge *frase* “ambi rika” ingkang cacahipun wonten kalih. Panganggening menika supados langkung endah kamirengaken. Masyarakat Jawi mliginipun para mudha menawi nandhang asmara menika langkung *ekspresif* ngandharaken raos tresnanipun saha lila ngurbanaken sedaya kemawon. Prekawis menika saged dipunpanggihaken ing tembang-tembang babagan asmara. Padatanipun adhedhasar pengalaman saking cariyos asmaranipun ingkang nganggiti.

Konteks cakepan tembang “hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika” menawi dipunrunut cakepan menika kaliyan cakepan sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika gadhah kekajengan supados saged sareng salaminipun kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani nanging malah tiyang menika ndamel cidra amargi sampun kaliyan tiyang sanes. Paraga “aku” sakit manahipun amargi dipuntilar tiyang ingkang dipuntresnani, namung ngupiya supados saged nglilakaken sinaosa kraos awrat. Kasunyatanipun paraga “aku” taksih tresna saha gadhah kekajengan mangun sesambungan tresna saengga paraga “aku” nyenyuwun dhumateng tiyang ingkang dipuntresnani supados nglampahi sesambungan tresna ngantos dumugi pati.

b. Fungsi ekspresif

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi ekspresif* inggih menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kangge ngandharaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif*/polatan saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, raos sedhih, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan

sapanunggalipun. Adhedhasar andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *indikator fungsi ekspresif* menika andharan raos bingah, sedhih, sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi Banyuwangen saha gadhah *fungsi basa ekspresif* inggih menika (12) lila sun cuba ngelilakena, masio abot hang sung rasa, menika kalebet basa Jawi Banyuwangen amargi wonten tembung “sun”, “masio” saha “hang”. *Fungsi* basa saking ukara “lila, sun cuba ngelilakena, masia abot hang sun rasa” menika kalebet *fungsi* basa *ekspresif* sedhih amargi ngginakaken tembung lila ingkang cacahipun kalih. Cakepan menika nggambaraken nala ingkang sakit saha sedhih saengga ngambali tembung lila. Ketambahan ukara “masia abot hang sun rasa” saengga nambahi sedhihing nala. Pramila, tembang menika minangka andharan *ekspresif* sedhih babagan ngelilakaken tiyang ingkang dipuntresnani sinaosa awrat raosipun. Pramila, cakepan tembang “lila sun cuba ngelilakena, masia abot hang sun rasa” menika *fungsi ekspresif*, minangka gegambaran raos sedhih saha kuciwa amargi dipuntilar tiyang ingkang dipuntresnani. Masyarakat Jawi menika menawi nandhang sedhih menika *ekspresif* ngandharaken raosipun, ing ukara menika ugi minangka gegambaran masyarakat Jawi ingkang gadhah watak narima ing pandum.

Konteks cakepan tembang “lila sun cuba ngelilakena, masia abot hang sun rasa” menawi dipunrunut cakepan saderengipun kaliyan cakepan sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika gadhah kekajengan supados saged sareng salaminipun kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani nanging malah tiyang menika ndamel cidra amargi sampun kaliyan tiyang sanes. Paraga “aku” sakit manahipun amargi dipuntilar tiyang ingkang dipuntresnani, namung ngupiya

supados saged nglilakaken sinaosa kraos awrat. Kasunyatanipun paraga “aku” taksih tresna saha gadhah kekajengan mangun sesambungan tresna saengga paraga “aku” nyenyuwun dhumateng tiyang ingkang dipuntresnani supados nglampahi sesambungan tresna ngantos dumugi pati.

7. Basa Jawi *Ragam* Ngoko Lugu

Ngoko lugu menika wujud saking unggah-ungguh basa Jawinipun menika ngoko sedaya saha netral (*leksikon* ngoko saha netral) tanpa dipunsisipi *leksikon* krama, krama inggil, utawi krama andhap, menika kagem *persona* kapisan, *persona* kalih, *persona* kaping tiga (Sasangka, 2004:95).

a. Fungsi *direktif*

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi direktif* inggih menika saged dipunginakaken kangge ndayani tiyang sanes. Pramila, *fungsi direktif* menika tumuju dhumateng tiyang ingkang nampi piweling. Basa dipunginakaken kagem ndayani tiyang sanes kanthi cara ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator* saking *fungsi direktif* inggih menika ngemutaken, paring utusan, paring piweling, milara menawi boten nindakaken. Tuladha ukara ingkang kalebet basa ngoko lugu saha gadhah *fungsi* basa *direktif* inggih menika (13) rasah nangis merga tresna, menika kalebet basa Jawi *ragam* ngoko lugu amargi boten wonten tembung kramanipun.

Ukara “rasah nangis merga tresna” menika kalebet *fungsi* basa ingkang *fungsi direktif* amargi paraga “aku” ing cakepan menika utawi ingkang ngendikan menika paring piweling dhumateng kancanipun supados boten usah nangis amargi tresna. Pramila, cakepan tembang “rasah nangis merga tresna” menika kalebet *fungsi direktif* amargi tiyang ingkang ngendikan menika nglelipur saha paring piweling supados boten usah nangis dhumateng kancanipun. Masyarakat Jawi menika padatanipun pangerten kaliyan tiyang sanes mliginipun kanca ingkang sampun raket. Ukara menika minangka gegambaran tiyang Jawi supados saged paring piweling, nglelipur, paring andharan minangka raos pangerten dhumateng tiyang sanes supados boten sedhah.

Konteks cakepan tembang “rasah nangis merga tresna” menawi dipunrunut sasampunipun ukara menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” nembe nglipur kancanipun ingkang nembe sedhah amargi dipuncidra ingkang dipuntresnani, sasampunipun dipunlipur lajeng paring piweling bilih menawi tresna kaliyan tiyang boten usah tresna sanget. Paraga “aku” ngendikan bilih piyambakipun tansah ngancani. Kekancan menika sejatosipun kados mekaten, inggih menika tansah setya nalika bingah menapa dene sisah, paring piweling, saha ngemutaken dhumateng kancanipun.

8. Basa Jawi Ragam Ngoko Alus

Ngoko alus wujudipun unggah-ungguh ingkang kaperang boten namung *leksikon* ngoko saha netral kemawon, ugi kaperang saking *leksikon* krama inggil, krama andhap, utawi *leksikon* krama ingkang wonten ing *ragam* menika sejatosipun

namung dipunginakaken kagem ngurmati tiyang ingkang dipunajak gineman (Sasangka, 2004:99-100).

a. Fungsi ekspresif

Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) ngandharaken bilih *fungsi ekspresif* inggih menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kangge ngandharaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif* polatan saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, raos sedhih, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator* saking *fungsi ekspresif* inggih menika andharan raos bingah, sedhih, sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan. Tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* inggih menika (14) sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki.

Cakepan “sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki” menika kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus amargi kaperang saking *leksikon* ngoko inggih menika tembung “sing”, “tak”, “mung”, “siji”, “lakoni”, “iki”, wondene tembung ingkang krama inggih menika “suwun”. Pramila, ukara menika kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus. *Fungsi* basa cakepan tembang “sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki” menika *fungsi* basa *ekspresif* ingkang wujudipun panyuwunan. Inggih dipunkajengaken ing cakepan menika paraga “aku” gadhah kekajengan supados mangun sesambungan tresna, prekawis menika jumbuh kaliyan ukara cakepan candhakipun menawi dipunrunut. Pramila, cakepan tembang menika minangka andharan panyuwunan dening paraga “aku” saengga kalebet *fungsi ekspresif* ingkang panyuwunan, tiyang ingkang ngendikan menika nyuwun supados tiyang ingkang dipuntresnani tansah tresna marang piyambakipun. Masyarakat Jawi langkung *ekspresif* menawi ngandharaken panyuwunan babagan tresna

saha padatanipun ingkang dipunsuwun menika namung setunggal, inggih menika setya. Setya kagem masyarakat Jawi menika minangka tandha tresna ingkang utami.

Konteks cakepan tembang “sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki” menawi dipunrunut cakepan saderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” menika gadhah kekajengan supados saged sareng salaminipun kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani nanging malah tiyang menika ndamel cidra amargi sampun kaliyan tiyang sanes. Paraga “aku” sakit manahipun amargi dipuntilar tiyang ingkang dipuntresnani, namung ngupiya supados saged nglilakaken sinaosa kraos awrat. Kasunyatanipun paraga “aku” taksih tresna saha gadhah kekajengan mangun sesambungan tresna saengga paraga “aku” nyenyuwun dhumateng tiyang ingkang dipuntresnani supados nglampahi sesambungan tresna ngantos dumugi pati.

b. Fungsi representasi

Halliday (ing salebeting Jatmiko, dkk. 2017:362) mratelakaken bilih *fungsi representasi* (*the representasional function*), ateges basa gadhah *fungsi* ndamel pitakenan, ngandharaken *fakta*. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, saged dipundudut *indikator* saking *fungsi* menika kadosta ndamel pitakenan, ngandharaken *fakta*. Tuladha ukara ingkang kalebet basa ngoko alus saha gadhah *fungsi* basa *representasi* menika (15) aku raisa lila sampeyan medhot tresna. Ukara menika kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus amargi wonten tembung “sampeyan” minangka tembung krama, wondene tembung “aku”, “raisa” menika tembung ngoko. Pramila, cakepan tembang menika kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus amargi ngginakaken basa Jawi *ragam* ngoko saha *ragam* krama.

Fungsi basa saking ukara “aku raisa lila sampeyan medhot tresna” menika *fungsi representasi*/andharan, ukara menika ateges bilih paraga “aku” ngandharaken boten saged lila menawi ingkang wanita ndamel lara brangta. Pramila, cakepan “aku raisa lila sampeyan medhot tresna” menika kalebet *fungsi representasi* utawi andharan amargi ngandharaken *fakta* bilih tiyang ingkang ngendikan menika boten saged nglilakaken tiyang ingkang dipuntresnani tega medhot tresna. Ukara menika ugi gadhah *fungsi* basa *informasional* amargi tiyang menika paring *informasi* menapa ingkang dipunraosaken tumrap tiyang ingkang dipuntresnani. Teori *fungsi* basa ingkang *informasional* menika jumbuh kaliyan pamanggih Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) bilih *fungsi informasional* inggih menika *fungsi* basa ingkang dipunginakaken kagem paring *informasi*. *Fungsi* menika saged dipunginakaken kangge paring gambaran, ngandharaken utawi paring *informasi*.

Padatanipun masyarakat Jawi menika ngendikan sanyatanipun menawi wonten prekawis ingkang boten saged dipuntampi. Ing cakepan tembang menika minangka gegambaran masyarakat Jawi ingkang boten saged lila lan legawa amargi tiyang ingkang dipuntresnani mblenjani janji. *Konteks* cakepan tembang menika menawi dipunrunut cakepan saderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih sakderengipun kuciwa amargi pedhot sesambungan katresnan, paraga “aku” ngandharaken bilih tansah tresna marang tiyang menika nanging tiyang ingkang dipuntresnani malah tindak kaliyan tiyang sanes saengga ndadosaken boten lila menawi tresnanipun boten sesampun malih. Paraga “aku” ugi ngemutaken babagan prasetyaning janji ingkang sampun dipunblenjani amargi kedah manut

tiyang sepuhipun. Piyambakipun gadhah kekajengan supados dipunparingi kakiyatan ngentos tiyang ingkang dipuntresnani menika kersa mangun sesambungan tresna malih.

9. Basa Jawi Krama Lugu

Krama lugu menika wujud *ragam* krama ingkang tingkatan alusipun andhap, nanging menawi dipunbandhingaken kaliyan ngoko alus, *ragam* krama lugu nedahaken tingkatan alus, inggih menika wujud unggah-ungguhing basa Jawi menika tembungipun *leksikon* krama sedaya saha dipuntambah kaliyan *leksikon* krama inggil utawi krama andhap. Sinaosa mekaten, ingkang ndadosaken *leksikon* inti ing *ragam* menika namung *leksikon* ingkang wujudipun krama. *leksikon* krama inggil utawi krama andhap kagem ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman (Sasangka, 2004:111).

a. Fungsi ekspresif

Fungsi ekspresif miturut Vestergaard saha Schroder (ing salebeting Astuti, 2012: 3) menika andharan polatan saking tiyang ingkang ngintun piweling (*komunikator*). *Fungsi ekspresif* saged dipunginakaken kangge ngandharaken polatan *emosi* utawi pangraos dening tiyang ingkang ngintun piweling. *Fungsi ekspresif*/polatan saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, raos sedhah, raos sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan, lan sapanunggalipun. Adhedhasar pangretosan ing nginggil, *fungsi ekspresif* menika gadhah *indikator* kadosta ngandharaken raos bingah, sedhah, sakit, nyuwun pangapunten, panyuwunan. Tuladha ukara basa krama lugu saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* menika (16) meh sambat kalih sinten.

Cakepan tembang “meh sambat kalih sinten” menika basa Jawi *ragam* krama lugu amargi ngagem tetembungan ingkang wujudipun krama lugu. Sinaosa cakepan tembang menika dipuntujokaken kagem tiyang ingkang dipuntresnani

saengga raket nanging tiyang ingkang ngendikan menika taksih ngormati saengga ngginakaken basa Jawi *ragam* krama lugu. *Fungsi* basa saking cakepan tembang “meh sambat kalih sinten” menika *fungsi* basa *ekspresif* amargi wonten tembung “sambat” menawi dipunrunut ukara candhakipun menika minangka gambaran *ekspresif* kelara-lara awit kraos nelangsa dipuncidra dening ingkang wanita. Pramila, cakepan tembang “meh sambat kalih sinten” menika minangka *gambaran* andharan raos kuciwa saha sedhik amargi dipunblenjani tiyang ingkang dipuntresnani.

Ukara menika gadhah *unsur kebahasaan* Jawi amargi ngginakaken tembung basa Jawi. Masyarakat Jawi menika boten saged uwal kaliyan tembung sambat amargi asring kapanggihaken ing padintenan bilih tiyang anggenipun gesang tamtu nemahi prekawis ingkang awrat. *Konteks* cakepan tembang “meh sambat kalih sinten” menawi dipunrunut cakepan sakderengipun saha sasampunipun menika gadhah *konteks* bilih paraga “aku” tresna kaliyan tiyang nanging malah tiyang menika mblenjani janji saengga kapeksa lila, menawi badhe sambat boten saged amargi boten wonten ingkang dipunsambati saengga nelangsa anggenipun gesang. Paraga “aku” sampun tresna kaliyan tiyang menika, pramila boten saged dipungantos kaliyan tiyang sanes. Pungkasanipun namung saged lila saha nyuwun dipunparingi kakiyatan nglampahi gesang.

Adhedhasar pirembagan ing nginggil, saged dipundudut bilih *ciri khas* tembang-tembang ing *album NDX A.K.A* menika ngginakaken jinis *variasi* basa kadosta *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa kasar, basa walikan, basa Jawi Banyuwangi, basa Jawi ragam ngoko lugu, basa Jawi ragam ngoko alus saha basa

Jawi ragam krama lugu. Jinis *variasi* basa ingkang paling kathah dipunginakaken inggih menika basa Jawi ragam ngoko lugu. *Variasi* basa tembang-tembang menika gadhah *fungsi* basa kadosta *fungsi direktif, fungsi ekspresif, fungsi puitik, fungsi informasional, fungsi individu, fungsi representasi, fungsi instrumental, fungsi imajinatif, fungsi regulasi saha fungsi interaksi. Fungsi variasi* basa ing tembang-tembang menika kathah ngginakaken *fungsi ekspresif* amargi tembang-tembang ing *album NDX A.K.A* menika kathahipun babagan katresnan ingkang awujud andharan raos sakit, duka, saha kuciwa. Fungsi *ekspresif* ing tembang menika ndayani supados saben tiyang menika gadhah hak ngandharaken pangraosipun saengga *fungsi* menika gadhah ancas ingkang khas inggih menika ngandharaken raos bingah, sedhih, sakit, duka, lan sapanunggalipun.

BAB V

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

A. Dudutan

Asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutan saking panaliten menika inggih menika jinis *variasi* basa, *fungsi* basa saking cakepan tembang *NDX A.K.A* saha kajian *sosiopragmatik*. Dudutan menika saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Jinis *Variasi* Basa

Jinis *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang *NDX A.K.A* inggih menika *campur kode*, *alih kode*, basa *gaul*, basa kasar, basa walikan, basa Banyuwangen, basa Jawi *ragam* ngoko lugu, basa Jawi *ragam* ngoko alus saha basa Jawi *ragam* krama lugu. Cakepan tembang *NDX A.K.A* ingkang kalebet *campur kode* inggih menika “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang”, “walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti” saha “sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping kalih menika *alih kode*, tuladhanipun “tak tunggu tak enteni”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping tiga menika basa *gaul*, tuladhanipun “hei bro malah kaya sapa wae” saha “i’m slow woles woles baby baby”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping sekawan menika basa kasar, tuladhanipun “mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu”, “pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol” saha “saiki tak eklaske kowe modar ya karepmu”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping gangsal inggih menika “seakan kau Arjuna padahal engkau

keju”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping enem menika basa Jawi Banyuwangen ingkang tuladhanipun “hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika” saha “lila sun cuba ngelilakena, masia abot hang sun rasa”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping pitu menika basa Jawi *ragam* ngoko lugu, tuladhanipun “rasah nangis merga tresna”. Jinis *variasi* basa ingkang kaping woluh menika basa Jawi *ragam* ngoko alus, tuladhanipun “sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki” saha “aku raisa lila sampeyan medhot tresna”. Jinis *variasi* basa ingkang pungkasan inggih menika basa Jawi *ragam* krama lugu tuladhanipun “meh sambat kalih sinten”.

2. Fungsi Basa

Fungsi basa ingkang dipunginakaken ing cakupan tembang menika maneka werni. *Fungsi* basa menika kadosta *fungsi direktif*, *fungsi ekspresif*, *fungsi puitik*, *fungsi informasional*, *fungsi individu*, *fungsi representasi/andharan*. (1) Tuladha ukara ukara ingkang kalebet *campur kode* saha gadhah *fungsi direktif* inggih menika “apa maneh perasaan ora kudu nggayuh lintang”, (2) tuladha ukara ingkang kalebet *campur kode* saha gadhah *fungsi ekspresif* menika “walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti”, (3) tuladha ukara ingkang kalebet *campur kode* saha gadhah *fungsi basa puitik* menika “sepuluh sewelas rolas, ndak malah mung tambah kandas”, (4) tuladha ukara ingkang kalebet *alih kode* saha gadhah *fungsi informasional* inggih menika “tak tunggu tak enteni”, (5) tuladha ukara ingkang kalebet basa *gaul* saha gadhah *fungsi basa direktif* menika “hei bro malah kaya sapa wae”, (6) tuladha ukara ingkang kalebet basa *gaul* saha gadhah *fungsi basa puitik* ingkang *repetisi* menika “i’m slow woless woless baby baby”, (7) tuladha ukara

ingkang kalebet basa kasar saha gadhah *fungsi individu* menika “mbiyen kanca ngguyu saiki kanca asu”, (8) tuladha ukara ingkang kalebet basa kasar saha gadhah *fungsi* basa *puitik* menika “pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol”, (9) tuladha ukara ingkang kalebet basa kasar saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* menika “saiki tak eklaske kowe modar ya karepmu”, (10) tuladha ukara ingkang kalebet basa walikan saha gadhah *fungsi* basa *individu* menika “seakan kau Arjuna padahal engkau keju”, (11) tuladha ukara ingkang kalebet basa Banyuwangen saha gadhah *fungsi pitik* ingkang *repetisi* menika “hang sun karepna bisa ambi rika, selawase ya mung ambi rika”, (12) tuladha ukara ingkang kalebet basa Banyuwangen saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* menika “lila sun cuba ngelilakena, masia abot hang sun rasa”, (13) tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi *ragam* ngoko lugu saha gadhah *fungsi* basa *direktif* menika “rasah nangis merga tresna”, (14) tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* menika “sing tak suwun mung siji lakoni tresna iki”, (15) tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi *ragam* ngoko alus saha gadhah *fungsi* basa *representasi/andharan* menika “aku raisa lila sampeyan medhot tresna”, (16) tuladha ukara ingkang kalebet basa Jawi *ragam* krama lugu saha gadhah *fungsi* basa *ekspresif* menika “meh sambat kalih sinten”.

B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten ing nginggil, saged dipunpendhet *implikasi* saking panaliten menika inggih menika:

1. *Data* saged dipunginakaken panaliten sanes menawi badhe naliti babagan basa ing cakepan tembang *NDX A.K.A.*
2. Asiling jinis saha *fungsi variasi* basa saged dipunginakaken kangge mangertos jinis saha *fungsi variasi* basa ing cakepan tembang *NDX A.K.A.*
3. Panaliten menika saged dipunginakaken minangka *referensi* dening panaliti sanes menawi badhe naliti babagan jinis saha *fungsi variasi* basa.
4. Asiling panaliten menika nedahaken masyarakat nampi jinis variasi basa ingkang sansaya ngrembaka.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten ing nginggil, wonten saperangan pamrayogi ingkang saged dipunginakaken, inggih menika:

1. Panaliten menika ngrembag babagan jinis saha *fungsi variasi* basa ing cakepan tembang *NDX A.K.A.*, pramila panaliten sanesipun saged nglajengaken ingkang magayutan kaliyan *variabel* panaliten menika.
2. Panaliten menika saged kangge *referensi teori* saha *makna* ing salebeting cakepan tembang *NDX A.K.A.*
3. Panaliten menika ngrembag babagan jinis saha *fungsi variasi* basa, pramila panaliti ingkang badhe naliti saged ngrembag babagan sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Achmad & Alek Abdullah. (2013). *Linguistik Umum*. Jakarta: Erlangga.
- Alwasilah, Chaedar. (1990). *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Arikunto, Suharsimi. 2005. *Manajemen Penelitian*. Cetakan Ketujuh. Rineka Cipta: Jakarta
- Astuti, S.P. (2012). *Fungsi Bahasa dalam Wacana Iklan Media Cetak*. *Jurnal Ilmu Bahasa dan Sastra*, 3(1). <https://doi.org/10.14710/nusa.3.1.%p>.
- Barry, A.K. (2008). *Linguistic Perspectives on Language and Education*. New Jersey: Pearson Merrill Prentice Hall.
- Chaer, Abdul. (2010). *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dandan, Wong. (2008). *Pemilihan Pemakaian Bahasa Warga Tionghua di Kotamadya Yogyakarta: Suatu Kajian Sosiolinguistik*. *Tesis*: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Ernawati, N. (2018). *Fungsi Variasi Bahasa dalam Interaksi Jual di Pasar Bima (Kajian Sosiolinguistik)*. *Tesis*: Universitas Negeri Makassar.
- Fauzi, M. (2015). *Fungsi Bahasa dalam Syair Bidasari: Kajian Sosiopragmatik*. *Jurnal Ilmu Budaya*, 12(1). <https://journal.unilak.ac.id/index.php/jib/article/view/1105>.
- Fitriani, Y., Rahayu, N., & Wulandari, C. (2017). *Bahasa Pedagang Ikan di Pasar Panorama Bengkulu (Kajian Sosiolinguistik)*. *Jurnal Korpus*, 1(1). <https://ejournal.unib.ac.id/index.php/korpus/article/view/3287>.
- Hanggoro, Wahyu Puji. (2016). *Bahasa Walikan sebagai Identitas Arek Malang*. *Tesis*: Universitas Negeri Malang.
- Hasan, Ruqaiya. (2005). *Language, Society and Consciousness*. London: Equinox Publishing.
- Hebdige, Dick. (1979). *Subculture : The Meaning of Style*. London dan New York: Routledge.
- Jatmiko, H. T. P., Budhi, S., & Edy, T. S. (2017). *Fungsi Bahasa dalam Wacana Lisan Transaksi Jual Beli di Pasar Klewer Surakarta dan Relevansinya*

sebagai Materi Pembelajaran Bahasa Indonesia di SMA. *Proceedings of the Education and Language International, Semarang, 1, 359-375.*

Kartomihardjo, Soeseno. (1988). *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Kridalaksana, Harimurti. (2008). *Kamus Linguistik, (edisi keempat)*. Jakarta: Gramedia.

Kristy, B. F., Hogskolan, D., & Sweden. (2007). A Sociolinguistic Analysis of Swear Word Offensiveness. *Saarland Working Papers in Linguistics, Jerman, 1, 14-37.*

Pateda, Mansoer. (2015). *Sosiolinguistik*. Bandung: CV Angkasa.

Poedjasoedarma, S., dkk. (1979). *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Putradarma, Reza. (2017). Subkultur Hiphop Indie Label di Yogyakarta: Sebuah Alternatif atau Siasat dalam Menciptakan “Pasar” Baru?. *Jurnal Pemikiran Sosiologi*. 4(2). <https://jurnal.ugm.ac.id>.

Radford, dkk. (2009). *Linguistics an Introduction*. Singapore: Cambridge University Press.

Rahardi, Kunjana. (2001). *Sosiolinguistik Kode dan Alih kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rahardi, Kunjana. (2009). *Sosio pragmatik*. Yogyakarta: Erlangga.

Rokhman, Fathur. (2013). *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Rosidin, Odin. (2010). Kajian Bentuk, Kategori, dan Sumber Makian, serta Alasan Penggunaan Makian oleh Mahasiswa. *Tesis*, Universitas Indonesia, Depok.

- Sasangka, S. S. T. W. (2004). *Kamus Jawa-Indonesia Krama-Ngoko*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sugiyono. (2012). *Metode Penelitian Pendidikan, Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sugiyono. (2015). *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sumarlam, Asih Anggarani, Tri Wuryan Taruni, Priyanto. (2012). *Pelangi Nusantara: Kajian Berbagai Variasi Bahasa*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sumarsono dan Paina Partana. (2004). *Sosiolinguistik*. Bandung: Pustaka Pelajar.
- Suwandi, Sarwiji. (2008). *Serbalinguistik: Mengupas Pelbagai Praktik Berbahasa*. Surakarta: Lembaga Pengembangan Pendidikan (LPP) UNS dan UPT Penerbitan dan Pencetakan UNS (UNS Press).
- Suyitno, Imam. (2008). Kosakata Tembang Daerah Banyuwangi: Kajian Etnolinguistik Etnik Using. *Humaniora, Jurnal UGM*, 20(2), 7. <https://journal.ugm.ac.id/jurnal-humaniora/article/view/935/782>.
- Swandy, Eduardus. (2017). Bahasa Gaul Remaja dalam Media Sosial Facebook. *Jurnal Bastra*. 1(4).<http://ojs.uho.ac.id/index.php/BASTRA/article/view/2304>.
- Wedhawati. (2006). *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius
- Wijana, D. P., & Rohmadi, M. (2006). *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wijana, D. P., & Rohmadi, M. (2007). *Sosiolinguistik Kajian Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Wijana & Rohmadi. (2013). *Sosiolinguistik: Kajian Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Wijaya, R. E., & Mangoting, Y. (2014). Boso Walikan Malangan dalam Perspektif Earning Management: Suatu Kreativitas Bahasa Akuntansi. *Scientific Repository, Petra Christian University*. <http://repository.petra.ac.id/17837/>.

LAMPIRAN DATA

***Hip-hop* 1. Cakepan tembang “Kanca Tekan Mati” (Bab Katresnan)**

Rasah nangis merga tresna
Ning sandhingmu ana kanca
Rasah dipeksake sak tekane wae

Apa maneh *perasaan* ora kudu nggayuh lintang
Diloske wae nadyan rasa kabotan
Kekancan kudu wani dadi siji
Paseduluran nganti tekane mati

Ngalor ngidul ngulon ngetan wis nganti sewulan

Awakmu mikir wedokan
Sing mbok ceritake tok gedhe-gedheke
Nanging awakmu malah dadi isin merga ditinggalke
Hei bro malah kaya karo sapa wae
Aku ra bakal piye-piye
Pancen mung isane mung isa ngrungoke
Tapi sithik sithik aku *bakalan* menahi solusine

Siji loro telu rungokna omonganku
Papat lima enem sapa reti gawe ayam
Pitu wolu sanga rasah nangis merga tresna
Sepuluh sewelas rolas ndak malah mung tambah *kandas*

Rasah nangis merga tresna, ning sandhingmu ana kanca
Rasah dipeksane sak tekane wae
Apa maneh *perasaan* ora kudu nggayuh lintang
Diloske wae nadyan rasa kabotan

Kekancan kudu wani dadi siji
Paseduluran nganti tekane mati

Pancen kanca tekan mati larang regane, raisa dirupiahke
Jarang ditemoni tur mesthi ngangeni
Walaupun tiba tangis susah seneng *selalu menemani*

Mendhing mikir utang *daripada* wedokan
Mendhing karo kanca *daripada* mung edan
Rokok entek rasah *resah* kur gari cupitan
Apa maneh duit tambah wis terang entuk utangan

Siji loro telu rungokna omonganku
Papat lima enem sapa reti gawe ayam

Pitu wolu sanga rasah nangis merga tresna
Sepuluh sewelas rolas ndak malah mung tambah *kandas*

Rasah nangis merga tresna, ning sandhingmu ana kanca
Rasah dipeksane sak tekane wae
Apa maneh *perasaan* ora kudu nggayuh lintang
Diloske wae nadyan rasa kabotan

Rasah nangis merga tresna, ning sandhingmu ana kanca
Rasah dipeksane sak tekane wae
Apa maneh *perasaan* ora kudu nggayuh lintang
Diloske wae nadyan rasa kabotan

Kekancan kudu wani dadi siji
Paseduluran nganti tekane mati.

***Hip-hop* 2. Cakepan tembang “Tak Akoni Aku Sing Salah” (Bab Katresnan)**

Saben yen kelingan awakmu
Lara ati merga aku
Merga atiku sulaya ninggal lunga tanpa kandha
Golek tresna sing liya

Asmaraku wis bubah, gawe uripmu susah
Ning endi sliramu, aku pengen ketemu

Kabeh iki salahku, gawe remuk atimu
Aku sing ngucap janji, aku sing mblenjani
Pancen aku ra bisa

Ngobati lan ganteni *tetes* eluhmu

Aku pengen ketemu, ngucap pangapuraku
Kanggo kowe, pancen aku sing kudu tok salahke

Sampun adoh ana ning mata
Tresna suci ilang muspra kebacut tak gawe gela
Mbiyene tak sia-sia uwong sing ngorbanke wektu
Tresna *kasih* mung nggo aku gawe eluhmu metu

Udan raisa mbusak kahananmu sih pait
Amerga watakku gelem lunga tanpa ngomong pamit
Aku ngerti ulatmu *terlanjur* dadi peteng
Aku ora jaluk bali rasa kangenku tak gawe lerem

Tak akoni aku sing salah
Gawe ati ajar ngalah, pancen aku sing kleru
Cerita iki malah bubah, *sosok yang ku banggakan*
Walau ku bukan pilihan, aku pasrah marang Gusti

Tetep kudu *bertahan*, tur ya piye meneh
Aku wis lila legawa, nadyan nek ketemu rasa
Deg-degan njero dhadha, tak coba sak kuwatku
Jodho ra bakal mlayu, muga sampeyan urip bareng aku

Kabeh iki salahku, gawe remuk atimu
Aku sing ngucap janji, aku sing mblenjani
Pancen aku ra bisa

Ngobati lan ganteni tetes eluhmu

Aku pengen ketemu, ngucap pangapuraku
Kanggo kowe, pancen aku sing kudu tok salahke.

Hip-hop 3. Cakepan tembang “Sayang” (Bab Katresnan)

Sayang... apa kowe krungu
Jerite atiku, mengharap engkau kembali
Sayang...nganti memutih rambutku
Ra bakal luntur tresnaku

Wis tak coba nglalekake jenengmu saka atiku
Sak tenane ra ngapusi
Isih tresna sliramu dha pepujaning ati
Nanging kowe ora reti kowe sik tak wanti-wanti
Malah jebul saiki, kowe mblenjani janji
Jare *sehidup semati* nanging apa bukti
Kowe medhot tresnaku demi lanangan liya
Ya wis ora papa insyaallah aku isa lila

Meh sambat kalih sinten...
Yen sampun mekaten, *merana* uripku...
Aku melasna nyimas, aku mesakna aku...
Aku nangis, nganti metu eluh getih putih

Sayang... apa kowe krungu, jerite atiku
Mengharap engkau kembali
Sayang... nganti memutih rambutku
Ra bakal, luntur tresnaku

Hari demi hari, uwis tak lewati

Yen pancen dalane, kudu kuwat ati
Ibaratke sega, uwis dadi bubur
Nanging tresna iki, ora bakal luntur
Sak tenane aku iki pancen tresna awakmu
Ora ana liyane, sik isa dadi *penggantimu*
Wis tanggung awakmu, sik cocok ning atiku
Nganti atiku njerit atimu ra bakal krungu
Meh sambat kalih sinten
Yen sampun mekaten,

Merana uripku...
Aku melasna nyimas, aku mesakna aku...
Aku nangis, nganti metu eluh getih putih

Sayang... apa kowe krungu, jerite atiku
Mengharap engkau kembali
Sayang..nganti memutih rambutku
Ra bakal, luntur tresnaku..

Sayang apa krungu, tangise atiku
Mengharap kowe bali, ning jero ati iki
Nganti rambutku putih , nangis eluh dadi getih
Mbok ya gek ndang bali, nglakoni tresna suci

Aku marang sliramu..
Kok *ragu* ning atiku, aku ra isa ngapusi sak tenane ning ati
Mung kanggo sliramu.. *cintaku tetap abadi selamanya sampai akhir hayat*
ini...

Meh sambat kalih sinten
Yen sampun mekaten,

Merana uripku...
Aku melasna nyimas, aku mesakna aku...
Aku nangis, nganti metu eluh getih putih

Sayang... apa kowe krungu, jerite atiku
Mengharap engkau kembali
Sayang..nganti memutih rambutku
Ra bakal, luntur tresnaku

Percaya amung pepujamu...
Cintaku... tetap abadi.

***Hip-hop* 4. Cakepan tembang “Bojoku Ketlikung” (Bab Kekancan)**

Jangan apa? jangan kangkung
Tempe apa? tempe kara
Ngapa kok bingung? bojoku ditikung
Papa pa ora? aku ra papa

Aku ra nyangka kowe tega karo kanca
Jarene kanca kenthel
Bojoku tok sleding tekel
Apa ra ana kimcil liya sing seneng kowe
Nganti kowe nikung bojone kanca dhewe

[Rap]

Heeee... kowe kancaku sing jarene *cs* ku
Nanging nyatane ning mburi kok kowe kaya pabu
Mbribik nikung nyiak bojone kanca dhewe
Ora mikir kancane tumindak sak penake
Paitan cangkem lunyu *kau merebut pacarku*
Tusuk dari belakang ah mana kutahu
Seakan kau Arjuna padahal engkau keju
Ra nganggo *sopan santun kau dustai diriku*

Sak tenane atiku lara
Nanging aku *mencoba* ra papa
Sak tenane atiku lara
Nanging aku kebacut lara

Aku ra nyangka kowe tega karo kanca
Jarene kanca kenthel
Bojoku tok sleding tekel
Apa ra ana kimcil liya sing seneng kowe
Nganti kowe nikung bojone kanca dhewe

[Rap]

Aku kurang apa kok kowe isa tega
Apa ana salahku terus kowe nikung aku
Apa kudu tak jarna kok aku kudu lila
Ngrasakne tumindakmu sik ngrugekake awakku
Pancen kowe konyol ning utekmu kok prothol
Pendhak dinane awor e bojoku tok gondhol
Tak bisa aku pendam mana sangup ku tahan

Ning ngarep kok apikan
Ning mburi kok *bajingan*

Sak tenane atiku lara
Nanging aku *mencoba* ra papa
Sak tenane atiku lara
Nanging aku kebacut lara

Aku ra nyangka kowe tega karo kanca
Jarene kanca kenthel
Bojoku tok sleding tekell
Apa ra ana kimcil liya sing seneng kowe
Nganti kowe nikung bojone kanca dhewe

[Rap]
Yawis sak karepmu nek ngeneki caramu
Yen wis iki dalane aku mung eklas wae
Kowe mung tak titeni kok watakmu kemlinthi
Pacar teman sendiri kau anggap permaisuri
Gek ndang rumat kana
